


PlusOne

Rodza Pfungwa ChiShona



**Gwaro
reChitanhatu**

6

PlusOne

Rodza Pfungwa ChiShona

Bhuku romudzidzisi



Published by:

Secondary Book Press Private Limited
4th Floor, CABS Centre Building,
Cnr Jason Moyo & 2nd Street,
Harare, Zimbabwe
Tel: +263 242 771 406 | +263 242 753 201
Mobile: +263 712 560 870 | +263 788 954 870
Email: sales@secondarybookpress.co.zw
Website: www.secondarybookpress.co.zw

Plus**One Rodza Pfungwa ChiShona | Gwaro reChitanhatu – Bhuku romudzidzisi**

ISBN: 978-1-77932-142-8

First Published in 2026

Copyright: Secondary Book Press

Editor-in-Chief: Munyaradzi Gunduza

Development Editor: Reggies Chapwanya

Design and text layout: Floecene B. Chimba

Every effort has been made to trace the copyright holders. In the event of unintentional omissions or errors, any information that would enable the publisher to make the proper arrangements will be appreciated.

All rights reserved. No part of this publication may be reproduced, stored in a retrieval system, or transmitted in any form or by any means, electronic, mechanical, photocopying, recording or otherwise, without prior permission of the copyright owner.

Zviri mukati

Mavambo	i
Chikamu 1: Kukosha kwedzidzo	1
Chikamu 2: Upenyu mudhorobha	5
Chikamu 3: Ivhu inhaka yedu	10
Chikamu 4: Chimurenga Chechipiri muZimbabwe	14
Chikamu 5: Rwiyo rweZimbabwe	18
Dzokororo yekutanga	23
Chikamu 6: Magetsi	24
Chikamu 7: Gore renzara	28
Chikamu 8: Ndambakuudzwa akaonekwa nembonje pahuma	32
Chikamu 9: Nyuchi	37
Chikamu 10: Bvunzo yekutanga.....	42
Chikamu 11: Upfumi hweZimbabwe.....	44
Chikamu 12: Kutyora kodzero.....	49
Chikamu 13: Kombiyuta	53
Chikamu 14: Kutandara pasichigare	57
Dzokororo yechipiri	61
Chikamu 15: Njodzi mumugwagwa	62
Chikamu 16: Chitendero chechiKirisitu	67
Chikamu 17: Hope	71
Chikamu 18: Magamba eZimbabwe	75
Chikamu 19: Bvunzo yechipiri	79
Chikamu 20: Nhunzi	81
Chikamu 21: Dutumupengo	85
Chikamu 22: Chirwere chemarariya	89
Chikamu 23: Muenzi haapedzi dura.....	93

Dzokororo yechitatu	97
Chikamu 24: Rega ndikubaire zanzi	98
Chikamu 25: Chirere mangwana chigokurerawo	102
Chikamu 26: Muchato waMunaro naMuchaneta.....	107
Chikamu 27: Uchapa munharaunda.....	111
Chikamu 28: Kirisimasi bhokisi	115
Chikamu 29: Kupera kwegore	120
Chikamu 30: Bvunzo yechitatu.....	124

Bhuku rino remudzidzisi PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitanhatu ndiro bhuku rechitanhatu mukutevedzera hwaro hwokudzidzisa ChiShona. Parugwaro urwu, bhuku rino rinoumbiridza zvakakosha zvakadzidzwa nevadzidzi murugwaro rweChishanu kurudziro iri papfungwa huru ina dzemumbiro dzinoti **Kuverenga, Kutaura, Kuteerera neKunyora.**

1 Kuteerera

Njere dzinowedzera padanho rimwe nerimwe nekudaro pagwaro reChitanhatu bhuku rePlusOne Rodza Pfungwa ChiShona rine zvakawedzerwa kubudikidza nenyaya dzinobata tsika nemagariro zvinoonekwa nevadzidzi munharaunda mavo. Padanho rino vadzidzi vanowedzera kuteerera kwavo kana mudzidzisi akataura zvagara zvichionekwa munharaunda.

2 Kutaura

Kana vadzidzi vachinge vogona kuteerera, kutaura hakuchavanetse sezvo nharaunda chiri chombo chikuru kuvadzidzi. Mudzidzisi uchaona kuti mienzaniso mizhinji ichapihwa nevana mukutaura inenge ichibva munharaunda mavanogara. Mubhuku rino, mudzidzisi achaona hurukuro dzichaitwa nevana pachikamu choga choga. Hurukuro idzi dzinobata misoro yakasiyana-siyana. Izvi zvichabatsira kuti unyanzvi hwavo hwekutaura husimbe.

3 Kuverenga

Bhuku rino rine mazwi matsva uyezve tsananguro yemazwi aya. Mudzidzisi anokurudzirwa kuverengesa vana mazwi aya. Izvi zvichabatsira kuti vasazonetseka pakuverenga ndima yenzwisiso sezvo mazwi matsva aya anenge arimo mundima yekuverenga yenzwisiso. Mudzidzisi ipa mwana wega wega mukana wekuverenga vamwe vana vakateerera. Izvi zvinobatsira kubvisa kakutya muvadzidzi zvichiunza makwikwi okuverenga mukati mevadzidzi.

4 Kunyora

Mwana anogona kushandisa kunyora senzira yekutaura nayo. Parugwaro rweChitanhatu vana vava kugona kudzidzira kushandisa mutauro zvakazara. Zvinyorwa zviri mubhuku revana zvinopa vana mukana wekunyora vachizadzisa. Vana vanopihwa mukana wekunyora mazwi nezvaanoreva. Bhuku rino richapa vadzidzidzisi mukana wekupa vadzidzi kuti:

- vanyore vachipindura mibvunzo yenzwisiso,
- vanyore rondedzero vachibatidza pfungwa dzakapihwa kunyora rondedzero ine hutesve,
- vanyore zvirevo vachizadzisa zvirungamutauro kana kuzadzisa mitsara yakapihwa nezvirangamutauro,
- kunyora vachisarudza mhinduro dzesarudzo.

Mashandisirwo ebhuku

Bhuku rino rinobatsira mudzidzisi mukushandisa PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitanhatu. Zvikamu zvebhuku rino zvakarongwa zvichitevedza marongerwo azvakaitwa mubhuku revana. Bhuku rino richange richibuditsa:

- musoro wechikamu choga choga.
- zvinangwa zvechidzidzo choga choga. Zvakakosha kuti murairidzi ashandise bhuku rino nebumbiro reChiShona kuti aone ukama huripo nehwaro redzidzo.
- zvombo zvamungashandise pachidzo choga choga. Zvakakosha kwauri murairidzi kuti ugadzire zvombo zvakawanda parugwaro urwu.
- zvamuchatarisirwa kuita nevana pachikamu choga choga.
- zvingaitwe nevana sebasa rekumba. Basa rekumba rakakosha sezvo richiita sezambuko pakati pekuchikoro nekumba. Mudzidzi anombowana mukana wekubvunza vamwe vasiri vadzidzisi sezvo dzidzo isina muganhu. Mubhuku rino mudzidzisi uchapihwa mukana wekupa basa rekumba nekuwedzera ruzivo pachikamu choga choga.
- mhinduro yemibvunzo iri mubhuku revana. Mudzidzisi unokurudzirwa kutwasanudza pfungwa dzako pamhinduro dzinopihwa nevadzidzi zvichienderana nenzvimbo.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso vachidana manzwi nemazvo.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso vachinyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kududzira madimikira.
- f** kuisa manzwi muzvizhinji.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kuzadzisa zvirevo nemanzwi akakodzera.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Bhambiri rine manzwi anoreva zvakafanana.
- Zvitai-tai zvine manzwi.
- Bhambiri rine madimikira.
- Bhambiri rine uwandu.
- Bhambiri rine mabasa.
- Dzimudzangara kana chivhitivhiti.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitanhatu Bhuku romudzidzi peji 1-6.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Mhinduro yezvidzidzo zviri mubhuku revadzidzi

- Dzidzo inowanikwa kuchikoro, kukereke nekumba.

- Tinowana dzidzo kubva mumadzimudzangara, makombiyuta, mapepanhau, zvivhitivhiti nezvinyorwa zvakasiyana-siyana.

Dzidzo yakanakira kuti unowana ruzivo, unozowana basa rakanaka rine mari kana wadzidza. Mabasa anobva mudzidzo ndeaya: chiremba, mabharani, mukoti, gweta, mutungamiriri wenyika, mutyairi wendege nemamwe.

Mazwi ari mundima

Izwi rinoreva zvakananana nerakapiwa.

- a** Usimbe – unyope.
- b** Urombo – ushayi kana nhamo.
- c** Dhokotera – chiremba.
- d** Akasvikogamuchirwa – akasvikotambirwa.
- e** Mazhinji – akawanda.
- f** Kushanda – kusevenza.
- g** Aburuka – adzika.
- h** Dzidzo – fundo.

B. Nzwisiso

Vadzidzi ngavaverenge nyaya vachidana manzwi zvakanaka. Mudzidzisi ngaayeuchidze vadzidzi kuti vatevedzere zvimiso zvakaita sechindaguma kunoperera chirevo. Mudzidzisi ngaayeuchidze vadzidzi kuti pakunyora ngavatange zvirevo nevara guru. Pane mazita evanhu, enzvimbo, emwedzi nemazuva evhiki ngavatange nemavara makuru. Anenge asina kutevedzera zvimiso ngaanyimwe chibodzwa.

Mhinduro dzemibvunzo yenzwisiso

- 1** Mai vaMukai vainzi VaChikamhi.
- 2** Mai vakamutsa Mukai kuti aende kuchikoro.
- 3** Mukai akange ave kunodzidza rugwaro rwechitanhatu.
- 4** Mukai akange achidzidza kuWhawha.
- 5** Mudzidzisi waMukai wainzi VaKurauone.
- 6** Shamwari yaMukai yainzi Sekai.
- 7** Mabasa anoitwa nevamwe vanhu vasina kudzidza ndeaya, umbavha, utsotsi uye upfambi.
- 8** Mabasa anoitwa nevanhu vakadzidza ndeaya, madhokotera, vatyairi vendege, magweta nemamwe.
- 9** Vana vakanzi vashande nesimba murugwaro rwechitanhatu nokuti mazamamishoni mazhinji erugwaro rwechinomwe aizobva murugwaro urwu.
- 10** Kubaira zanzi zvinoreva kuraira kana kupa mazano.

C. Pfupiso

Vana ngavakururirane kukosha kwedzidzo kuri mundima vari mumapoka vozobatanidza pfungwa sokuti:

- Ruzivo.
- Mabasa.
- Kugona kugadzirisa matambudziko.
- Budiro.
- Upfumi.

D. Kududzira madimikira

Vadzidzi ngavadudzire madimikira mumapoka mumwe nemumwe mudzidzi ngaanyore zvinoreva madimikira akapiwa mubhuku revadzidzi.

Dudziro yemadimikira akapiwa mubhuku revadzidzi

- 1 Kumubudisa mumatambudziko.
- 2 Kurwadziwa.
- 3 Kusangana musingafungiri.
- 4 Kufa.
- 5 Kunyepedzera kuita seunotambura iwe uine zvikwanisiro.
- 6 Kuzvipinza mumatambudziko.
- 7 Kuita munyama.
- 8 Kugarika.
- 9 Kuchiva.
- 10 Kunakirwa.

E. Kuisa mazwi muuzhinji

Vana ngavaite mapoka maviri vamwe vachiisa mazwi muzvishinji. Mudzidzisi ngaavape zvibodzwa. Vanenge vaita zvibodzwa zvakanwanda ndivo vanenge vaburirira pachidzidzo ichi.

Dudziro yemazwi akapiwa mubhuku revadzidzi

- | | |
|------------|-----------|
| 1 hove | 4 nzizi |
| 2 huni | 5 harahwa |
| 3 tukomana | 6 mhasa |

- 7 makavi
- 8 zvivhitivhiti

- 9 migodhi
- 10 maoko

F. Rondedzero

Rondedzera basa raunoda kuzoita kana wakura.

Vadzidzi ngavakurukure mavambo akasiyana-siyana erondedzero iyi. Mumapoka vadzidzi ngavatsanangurirane pfungwa dzakapiwa vachidziisa mundima. Ngavanyore rondedzero iyi mumwe nemumwe oga.

Mudzidzisi ngaayeuchidze vadzidzi kuti vadzokorore basa ravo kana vapedza vachigadzirisa mhosho dzakaita sezviperego, batanidzo nepatsanuro yemanzwi, zvimiso nezvimwe.

G. Mabasa evanhu munyika

Vana ngavatsanangure mabasa anoitwa nevanhu. Mumapoka vadzidzi ngavatsanangure zvinoitwa pabasa roga roga.

Mhinduro dzinotarisirwa

- 1 hurudza
- 2 mhizha
- 3 makanika
- 4 mutyairi
- 5 nyamukuta
- 6 hombarume
- 7 n'anga
- 8 mufundisi
- 9 mukoti
- 10 mudzidzisi

H. Basa rekuita kumba

Vadzidzi ngavanoteerera nhau mumadzimudzangara nemuzvivhitivhiti vagouya vachitaura zvavakanzwa.

Upenyu mudhorobha

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachidudumisa.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kuzadzisa tsumo.
- f** kunyora mavara makuru pakakodzera.
- g** kunyora tsamba kushamwari.
- h** kuzadzisa zvirevo nemidziyo yachinyakare.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Mufananidzo wedhorobha.
- Bhambiri rine manzwi anopesana.
- Zvitai-tai zvine manzwi.
- Bambiri rine tsumo.
- Bhambiri rine zvirevo zvemavara makuru.
- Bhambiri rine tsamba kushamwari.
- Midziyo yechinyakare kana mifananidzo yemidziyo yechinyakare.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitanhatu Bhuku romudzidzi peji 7-14.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vana ngavaite gakava rine musoro unoti: Zviri nane kugara mudhorobha pane mumaruwa. Vana ngavaite mapoka maviri, boka rinotsigira musoro neboka rinopikisa.

Mudzidzisi ngaape vana zvibodzwa zvinoenderana nepfungwa dzavapa. Vanenge vapa pfungwa dzakawanda ndivo vanenge vabudirira pagakava iri.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revana

- Vanhu vanoenda kumadhorobha kunotsvaka mabasa, kushanya, kunoona nzvimbo dzinoyevedza, kunotenga nekufarira upenyu hwemudhorobha.
- Zvivhitivhiti, mitambo, madzimudzangara, mafirimu nezvimwe.
- Matsotsi, zvirwere, kushaya pekugara, kushaya chekudya, upfambi nezvimwe.
- Maruwa ngaaitwe madhorobha.
- Vanhu ngavavakirwe dzimba mumadhorobha.
- Mabasa ngaawanikwe mumaruwa nemumadhorobha.

Manzwi ari mundima

Mhinduro yemanzwi akapiwa mubhuku revadzidzi anopesana

- | | |
|--|-------------------------------------|
| a Vashoma | e Vachishaiwa |
| b Vayeuka kana varangarira. | f Havafariri kana vanovenga. |
| c Panobvumirwa kana panotenderwa. | g Kufa |
| d Vanoshanda kana vanosevenza. | h Vachidzoka |

B. Nzwisiso

Upenyu mudhorobha

Mudzidzisi ngaaudze vana zvinotarisirwa pakuverenga sekuti kugona kudoma manzwi zvakanaka nekutevedzera zvimiso. Vana ngavaite makwikwi ekuverenga mumapoka avo vosarudza nyanzvi. Nyanzvi dzemumapoka ngadziite makwikwi ekuverenga vozowana nyanzvi yekuverenga yevhiki iyoyo imwe chete.

Mhinduro dzemibvunzo yenzwisiso dziri mubhuku revadzidzi

- 1 B
- 2 D
- 3 A
- 4 B
- 5 D

- 6 B
- 7 C
- 8 B
- 9 D
- 10 B

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavakurukure matambudziko anowanikwa mumadhorobha. Ngavabatanidze pfungwa dzavawana kubudisa ndima imwe chete vachishandisa pfungwa dziri munzwisiso sekuti:

- Matsotsi
- Pfambi
- Zvirwere
- Kushaya pekugara
- Utsvina

D. Kuzadzisa tsumo

Vadzidzi ngavaite makwikwi ekuzadzisa tsumo mumapoka maviri vachipiwa zvibodzwa nemudzidzisi. Vanenge vawana zvibodzwa zvakawanda ndivo vanenge vakunda mumakwikwi aya. Vadzidzi ngavazadzise tsumo dziri pabhambiri. Ngavazadzise tsumo dziri mubhuku revadzidzi.

Mazadzisirwo etsumo dziri mubhuku revadzidzi

- 1 Pabva zino rava vende.
- 2 Chisi hachieri musi wacharimwa.
- 3 Kugocha kunoda kwaamai kwemwana kunodzima moto.
- 4 Rine manyanga hariputirwe mumushunje.
- 5 Kushora mbodza nerinozvimbira.
- 6 Mudzimu wakupa chironda wati nhunzi dzikudye.
- 7 Dzawira mutswanda hadzichanetsi kunonga.
- 8 Chafamba kamwe hachiteiwi.
- 9 Yatsika musheche yamwa.
- 10 Matende mashava anovavisa doro.

E. Mavara makuru

Vadzidzi ngavataure panoshanda mavara makuru vachibatsirwa nebhambiri. Ngavape mienzaniso yezvirevo zvine mavara makuru mumapoka. Vadzidzi ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro yezvirevo zviri mubhuku revadzidzi

- | | | | |
|---|------------------------|----|-------------------|
| 1 | Ruvimbo | 6 | Kubvumbi |
| 2 | Shoko Mukanya | 7 | VaZimuto |
| 3 | Namibia musu weChipiri | 8 | kuMarondera |
| 4 | Zimbabwe neBritain | 9 | kuChina |
| 5 | Mugovera | 10 | kuKwekwe, kuMbizo |

F. Kunyora tsamba

Nyora tsamba kushamwari yako uchiiudza dambudziko rawakasangana naro mudhorobha. Vana ngavakururirane zvinotarisirwa patsamba kushamwari. Ngavataure matambudziko emudhorobha. Mumapoka vana ngavanyore tsamba iyi vachishandisa pfungwa dzakapiwa. Mudzidzisi ngaatsanangurire vana kuti zvibodzwa zvinowanikwa pa:

- kugona kushandisa zvirungamutauro nemazvo.
- kunyora zviperengo zvakanaka.
- kunyora batanidzo nepatsanuro yemanzwi zvakanakodzera.
- kuisa pfungwa mundima.
- kunyora neChiShona chakanaka.

Mumwe nemumwe mudzidzi ngaanyore tsamba kushamwari yake achiiudza dambudziko raakasangana naro mudhorobha.

G. Midziyo yechinyakare

Vadzidzi ngavataurirane midziyo yechinyakare yavanoziva vachibatsirwa nezvombo. Mumapoka vadzidzi ngavataure mabasa emidziyo yechinyakare.

Mhinduro yebasa riri mubhuku revana

- | | | | |
|---|----------|----|----------|
| 1 | gango | 6 | mugoti |
| 2 | guyo | 7 | chirongo |
| 3 | huyo | 8 | chikwama |
| 4 | chikwepa | 9 | chinu |
| 5 | musika | 10 | denhe |

H. Basa rekuita kumba

Mhinduro dzebasa remidziyo dziri mubhuku revadzidzi

kubikira sadza.

kuchengetera fodya yemumhino.

kuisa doro.

kutswira mashazhari, zviyo kana dovi.

kutswa.

kuburisa sadza.

kuisa zvirimwa zvakaita senyimo, nzungu nenyemba.

kuisa zvinenge zvakohwewa sezviyo, chibage, nyimo nenzungu.

kupepeta nekuzungura zvirimwa.

kukamira mukaka

Izwi rinoreva zvakafanana

- | | | |
|----|-----------|--------------------|
| 1 | mumatombo | - mumabwe |
| 2 | kudzidza | - kufunda |
| 3 | mazimbe | - marasha |
| 4 | mbambaira | - madima |
| 5 | unonaka | - unotapira |
| 6 | wafumira | - wakurumidza |
| 7 | kubvira | - kupfuta |
| 8 | ichapa | - huyanga/hutsvina |
| 9 | sanhu | - demo |
| 10 | mazhanje | - mashuku |

I. Wedzera ruzivo

- | | | | |
|---|-----------|----|-----------|
| 1 | ishwa | 6 | mhandire |
| 2 | mutakura | 7 | mumhare |
| 3 | derere | 8 | mashakada |
| 4 | mufushwa | 9 | mangai |
| 5 | chimukuyu | 10 | nhopi |

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachitevedza zvimiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kuzadzisa zvirevo nyenyaudzosingwi yakakodzera.
- f** kuzadzisa zvirevo nemazita.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kunangisa mwana anoenderana nemhuka.

Zvombo zvichashandiswa

- Ivhu
- Matombo.
- Zvitai-tai zvine manzwi.
- Mifananidzo yematombo ane midzi yemiti.
- Bhambiri rine nyaudzosingwi.
- Bhambiri rine mazita.
- Bhambiri rine mhuka nevana vadzo.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitanhatu Bhuku romudzidzi peji 16-21.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vana ngavataurirane kukosha kweivhu mumapoka.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi

- Ivhu rinobva kumatombo kana mabwe.
- Ivhu rinoumbisa, rinovakisa, rinorimwa zvirimwa, rinogara dzimwe mhuka, rinoviga vafi, rine zvicherwa nezvimwe.
- Ishwa, majuru, masvosve, mbeva, nyoka nezvimwe.
- Rinotipa zvirimwa, zvicherwa, zvivakwa nezvimwe.

Mazwi ari mundima

Mazwi muushoma

- | | | | |
|---|----------|---|---------|
| a | chokudya | 5 | mudzi |
| 2 | chidiki | 6 | munhu |
| 3 | dombo | 7 | mushini |
| 4 | mvura | 8 | mhuka |

B. Nzwisiso

Vadzidzi ngavataurirane zvimiso nemabasa azvo. Ngavaverenge ndima vachiita majana vachitevedza zvimiso. Anenge agona kuverenga achitevedza zvimiso ndiye nyanzvi yevhiki iroro.

Kupindura mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi

- 1 Ivhu rinobva mumatombo kana mumabwe.
- 2 Chimvuramabwe zvitombo zvinonaya nemvura.
- 3 Gwenga inzvimbo inopisa zvikuru masikati yozotonhora zvikuru manheru.
- 4 Matombo anofuta kana kuchipisa zvikuru.
- 5 Sando zvinoreva nyundo.
- 6 Midzi inotsemura matombo.
- 7 Vanhu vanogadzira zviumbwa vachishandisa matombo.
- 8 Vanhu vanorova matombo nesando.
- 9 Mhuka dzinotsika matombo otsemuka.

- 10 Zvipuka zvinogara mumatombo akatsemuka zvinowedzera kutsemura matombo.
Hora nemishini zvinokonzero kuti matombo atsemuke mumigodhi.
- 11 Ivhu rakakosha nekuti tinorima mariri, tinowana zvicherwa, tinovakisa naro uye miti nezvirimwa zvinokudzwa neivhu.

C. Pfupiso

Vana ngavakurukure zvinokonzero kuti ivhu rivepo. Mumapoka vadzidzi ngavabatanidze pfungwa kuumba ndima. Vadzidzi vanogona kushandisa pfungwa idzi:

- Mvura ine chimvuramabwe.
- Kupisa nekutonhora kwemagwenga.
- Mvura inoerera murwizi.
- Midzi yemiti.
- Vanhu vanorova matombo.
- Mishini yemigodhi nehora.
- Zviumbwa zveatombo.
- Zvipuka zvinogara mumatombo.
- Mhuka dzinotsika matombo.

D. Kuzadzisa zvirevo nyaudzosingwi

Vana ngavataure nyaudzosingwi dzavanoziva. Ngavashandise nyaudzosingwi muzvirevo. Mumapoka vadzidzi ngavazadzise zvirevo nyaudzosingwi dzakakodzera. Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri.

Mhinduro yebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | |
|------------|----------|
| 1 nyamu | 6 hutu |
| 2 gada | 7 toro |
| 3 ndure | 8 mbu-u |
| 4 rongondo | 9 ngwe-e |
| 5 watsu | 10 dhu-u |

E. Kuzadzisa zvirevo nemazita

Vana ngavataurirane mazita nemabasa awo vachishandisa bhambiri. Mumapoka vana ngavazadzise zvirevo zve mazita zviri pakadhi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | | | |
|---|----------|----|-------------|
| 1 | gambe | 6 | mubvuwi |
| 2 | vahosi | 7 | mutikitivha |
| 3 | nyanduri | 8 | gweta |
| 4 | durika | 9 | nyamukuta |
| 5 | mhizha | 10 | sahwira |

F. Kunyora rondedzero

Kukosha kweivhu

Vadzidzi ngavakurukure manyorerwo erondedzero. Ngavataure mavambo erondedzero iyi. Mumapoka vana ngavabatanidze pfungwa vachiumba ndima dzerondedzero iyi. Mudzidzisi ngaatsanangurire vana mhosho huru dzinobvisirwa zvibodzwa parondedzero dzakaita sezvimiso, zviperengo, batanidzo nepatsanuro yemanzwi uye mutauro. Mumwe nemumwe mudzidzi ngaanyore rondedzero iyi.

G. Mhuka nevana vadzo

Vana ngavataure mhuka nevana vadzo vari mumapoka maviri. Mudzidzisi ngaape vagona zvibodzwa. Vanenge vaita zvibodzwa zvakawanda ndivo vabudirira.

Mhinduro yebasa riri mubhuku revadzidzi

- 1 korori
- 2 mandishaya
- 3 chidharimbo
- 4 manditeya
- 5 nhiyo
- 6 rakadzi
- 7 ganyamatope
- 8 svorwi
- 9 rushiye
- 10 buruvuru

Chimurenga Chechipiri muZimbabwe

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachidudumisa.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kuzadzisa zvirevo nefananidzo yakakodzera.
- f** kushandisa nyora muzvirevo.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kupindura mibvunzo vachishandisa mwaka yegore.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Mifananidzo yehondo yechimurenga.
- Zvitai-tai zvine manzwi.
- Bhambiri rine fananidzo.
- Bhambiri rine nyora.
- Bhambiri rine mwaka yegore.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitanhatu Bhuku romudzidzi peji 22-28.
- Bumiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vana ngavataure nyaya dzavakanzwa dzehondo yeChimurenga chechipiri.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi.

- Varungu kana vachena.
- Vatema vakatorerwa minda vakaiswa kumaruzevha kwaiva nejecha.
- Vatema vainzi vabhadhare mitero, vaishanda mumigodhi, muminda nemudzimba dzevarungu vachipiwa mari shoma, vatema vaipiwa mitemo yaidzvanyirira.
- Pfuti, mabhambo nendege.
- Josiah Tongogara, Herbert Chitepo, Robert Mugabe, Simon Muzenda, Josiah Tungamirai, Jason Moyo nevamwe.

Mazwi ari mundima

Mazwi aya anoiswa muuwandu seizvi:

- | | | | |
|----------|----------|----------|---------|
| a | fodya | e | tsoka |
| b | mari | f | nzizi |
| c | nyika | g | vavengi |
| d | madzimai | h | misi |

B. Nzwisiso

Vana ngavaverenga manzwi ari pazvitai-tai. Ngavaite makwikwi ekuverenga ndima mumapoka. Agona kuverenga achidana manzwi nemazvo ndiye nyanzvi yekuverenga yevhiki iroro.

Mhinduro yemibvunzo yenzwisiso

- 1 Akanyora tsamba iyi ndiVaMuranda.
- 2 Akanyorerwa tsamba iyi ndiTadiwa.
- 3 Varungu vange vabva kuBritain.
- 4 Nyika yeZimbabwe kare yaitongwa nemadzishe.
- 5 Vatema vakanogariswa kumaruzevha.
- 6 Munyori akanodzidzira chiuto kuMozambique.
- 7 Chimurenga chechipiri chakatanga kuChinhoi.
- 8 Vatema vange vatorerwa minda, vange vachishandiswa mabasa nevarungu vachipiwa mari shoma uye vainzi vabvise mitero.
- 9 Vatema vaisadzidza zvakanyanya.
- 10 Musha wakaparara, mudzimai wemunyori uyu nevana vatatu vakapisirwa mumba vakafiramo.

C. Pfupiso

Matambudziko akasanganikwa nawo nevatema muhondo yeChimurenga.

Vana ngavatsvake pfungwa dze pfupiso iyi mumapoka vozobatanidza pfungwa idzi kuumba ndima. Pfungwa dzacho ndeidzi:

- Kusiya mhuri vachienda kuhondo.
- Kuurayiwa.
- Kugara mumasango.
- Kufamba mifambo mirefu netsoka.
- Kuremara.
- Kuparara kwemisha nevanhu.

D. Kuzadzisa zvirevo nefananidzo

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zvefananidzo zviri pabhambiri. Mumapoka vadzidzi ngavanyore zvirevo zviviri zvine fananidzo. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revana.

Mhinduro dzebasa refananidzo riri mubhuku revana

- | | | | |
|---|---------|----|-----------|
| 1 | gurwe | 6 | uchi |
| 2 | nyoka | 7 | mhiripiri |
| 3 | bere | 8 | nguruve |
| 4 | gakanje | 9 | chikiti |
| 5 | mvumba | 10 | ngirozi |

E. Kushandisa nyora (“ ”)

Vadzidzi ngavashandise nyora pazvirevo zviri pabhambiri. Mumapoka vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine nyora. Vadzidzi ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi mumabhuku avo.

Kuisa nyora muzvirevo zviri mubhuku revadzidzi

- 1 Mudzidzisi akati, “Uya nebhuku rako ndirione.”
- 2 Ambuya vakati, “Usatamba pedo nemugodhi unowiramo.”
- 3 “Vhara pombi iyo, mvura inotambiswa.” Vakadaro amai.
- 4 “Wauya nguvai?” Vakabvunza VaChidembo.
- 5 “Unomuzivirepi mubvakure uyu?” Vakabvunza vatete.
- 6 “Ndamuwana ari kuchikoro.” Akadaro murairidzi.

- 7 “Bika putugadzike,” vakadaro ambuya, “ugoinwa nechingwa.”
- 8 Amai vakati, “Usauya uri wega kana wava kubva kuchikoro.”
- 9 “Tora bhuku rako,” vakadaro amai, “uuye pano naro ndikubatsire.”
- 10 “Iwe mwana iwe!” Vakadaro vaJongwe. “Nemhaka yei uchindiisa pamuedzo?”

F. Kunyora rondedzero

Musi wandakapona nepavende

Vadzidzi ngavakurukure manyorerwo erondedzero. Mumapoka vana ngavanyore rondedzero iyi vachishandisa pfungwa dzakapiwa. Mumwe nemumwe mudzidzi ngaanyore rondedzero yake.

G. Mwaka yegore

Vana ngavataure mwaka yegore. Mumapoka vadzidzi ngavataure zvinoitwa mumwaka yega yega. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro yemwaka yegore iri mubhuku revana

- | | |
|------------------------|----------------------|
| 1 Chirimo/Bumharutsva | 6 Zhizha kana Maenza |
| 2 mina | 7 Zhizha kana Maenza |
| 3 muZhizha kana Maenza | 8 Chando |
| 4 Chando | 9 Zhizha kana Maenza |
| 5 Chirimo | 10 Chirimo |

H. Basa rekuita kumba

Vadzidzi ngavanoita basa kumba vachibatsirwa.

Inzwi rinoreva zvinopikisana nerakatarwa

- | | |
|--------------------------|---------------------------|
| 1 Kumashure | 7 vanovengana |
| 2 pfunda kana humburukwa | 8 akanganwa kana akoshiwa |
| 3 dzura | 9 vhura |
| 4 akasuwa | 10 kaurura |
| 5 anoshanda | |
| 6 mutorwa | |

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachitevedza zvimiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kushandisa madimikira muzvirevo.
- f** kushandisa chifemo muzvirevo.
- g** kunyora mhan'aro.
- h** kupindura mibvunzo inoenderana nemwedzi.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Bhambiri rine zvimiso.
- Bhambiri rine madimikira.
- Bhambiri rine zvirevo zvinoda kuiswa chifemo.
- Bhambiri rine mwedzi yegore.
- Zvitai-tai zvine manzwi.
- Bhambiri rine rwiyo rweZimbabwe.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitanhatu Bhuku romudzidzi peji 30-36.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vana ngavaimbe rwiyo rweZimbabwe mumapoka. Ngavaite makwikwi ekuimba vosarudza nyanzvi yeboka.

Hurukuro

Mhinduro yemibvunzo iri mubhuku revadzidzi

- Kubva musi wa18 Kubvumbi 1980.
- Ngaikomborerwe nyika yeZimbabwe.
- Rwiyo urwu runoimbirwa kuti nyika yeZimbabwe yakawana rusununguko.
- Zvikoro, zvipatara, makamba emasoja nemapurisa, pamahofisi ehurumende nepamabhanga.

Mazwi ari mundima

Mazwi anoreva zvakafanana

Mhinduro dzemazwi ari mubhuku revana.

- | | |
|-------------------------|----------------------|
| a wakavamba | e yakaberekwa |
| b kukudza | f muvengi |
| c ngairopafadzwe | g vasevenzi |
| d kuzama | h mashoko |

B. Nzwisiso

Vadzidzi ngavataure mabasa ezvimiso pakuverenga. Ngavaverenge ndima vachiita majana vachitevedza zvimiso.

Kupindura mibvunzo yenzwisiso

Mudzidzisi ngaayeuchidze vana kuti vatange chirevo nechindaguma. Ngavayeuke panoshanda mavara makuru nezvifemo.

Mhinduro yemibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi

- 1 Mureza weZimbabwe wakatanga kuvapo musi wa18 Kubvumbi 1980.
- 2 Nzvimbo dzinowanikwa mureza weZimbabwe ndeizi: zvikoro, zvipatara, mabhanga, makamba emapurisa nemaauto nemahofisi ehurumende.
- 3 Runonzi Ngaikomborerwe nyika yeZimbabwe.

- 4 Changundega ndiye akaruka rwiyo urwu.
- 5 Akaisa rwiyo urwu manzwi ndiSolomon Mutswairo.
- 6 Zimbabwe yakashongedzwa nemakomo nehova.
- 7 Madzitateguru ndidzo hama dzedu dzakafa kare.
- 8 Vanhu vanoisa maoko pamativi nekumira kana mureza uchisimudzwa.
- 9 Rwiyo urwu runoimbwa mumitauro yese kuedza kubatanidza marudzi evanhu vari muZimbabwe.
- 10 Zvinoreva kuti Zimbabwe yakauya nehondo yeChimurenga.

C. Pfupiso

Vana ngavataurirane pfungwa dzerwiyo rweZimbabwe. Ngavabatanidze pfungwa idzi vodziisa mundima imwe chete. Ngavanyore pfupiso mumwe nemumwe mubhuku rake.

Pfungwa dzepfupiso dzavanogona kuburitsa ndeidzi:

- Zita rerwiyo rwenyika yeZimbabwe.
- Runoimbwa kana zvaita sei?
- Runoimbwa nemutauro upi?
- Zimbabwe yakauya sei?
- Ndezvipi zvinhu zvakashongedza Zimbabwe?
- Zimbabwe inyika yei?

D. Kushandisa madimikira muzvirevo

Vana ngavadome madimikira. Mumapoka vadzidzi ngavashandise madimikira muzvirevo. Madimikira ari pabhambiri vadzidzi ngavaashandise muzvirevo.

Mienzaniso yezvirevo uchishandisa madimikira akapiwa mubhuku revana

- 1 Tapera naChemhere vakarimirana kumuganhu.
- 2 Iwe mwana iwe regera kutamba nemuswe wasekuru.
- 3 Vana ava inherera vanodya nhoko dzezvironda.
- 4 Mudzimai uyu haana ganda kumeso.
- 5 Paakatiza pamusha akazoyeuka bako mvura yanaya.
- 6 Sekuru vake vanodya vachisunda dura.
- 7 Paakaenda kudhorobha akafambira dhongi rakaora.
- 8 Rugare akaita mawiramombe nababamunini mudhorobha reKwekwe.

- 9 Sekuru vakanonoka kuenda kumutambo vakawana dzamira nemhuru.
- 10 Mainini vakatorwa moyo nenguwo tsvuku.

E. Kushandisa chifemo (,)

Vana ngavaise zvifemo pazvirevo zviri pabhambiri. Mumapoka avo vana ngavaumbe zvirevo vachiisa chifemo pakakodzera.

Kuisa chifemo muzvirevo zviri mubhuku revana

- 1 Pachikoro pedu pane vana vanoera Shava, Gumbo, Dube, Shoko, Shumba uye Moyo.
- 2 Varwi verusununguko vakaenda kuMozambique, Zambia, Tanzania, China, Romania neYugoslavia kunodzidzira chiuto.
- 3 Mureza weZimbabwe unowanikwa pazvikoro, zvipatara, makamba emapurisa, emasoja uye pamahofisi ehurumende.
- 4 Zvirimwa zvinotengeswa kune dzimwe nyika ndezvinoti donje, fodya, nzimbe, nemasamba.
- 5 MuZimbabwe mune nzizi dzinoti Deure, Zambezi, Limpopo, Save neRunde.
- 6 Tinopfuwa zvipfuwo izvi mbudzi, n'ombe, hwai, tsuro nemadhongi.
- 7 Mubindu mune murivo, hanyanisi, mapuno nematapura.
- 8 Maranjisi, maapuro, mabhanana, magwavha nemanachisi michero iri pamba pedu.
- 9 Inyanga, Vumba, Matopo neGombe makomo ari muZimbabwe.
- 10 Pamutambo padyiwa nyama yehuku, yemombe, yehwai, yetsuro, mataputa nemupunga.

F. Kunyora rondedzero yemhan'aro

Nyora mhan'aro kumukuru wechikoro chenyu uchimutsanangurira mafambiro amakaita kune imwe nzvimbo inoyevedza yamakashanyira sechikoro.

Mhan'aro inonyorwa seizvi:

Zuva : 5 Gumiguru 2019

Munyori : Makaita Gono

Kuna : Mukuru wechikoro

Chinangwa : Mhan'aro yemafambiro atakaita kune imwe nzvimbo inoyevedza sechikoro

Mudzidzisi ngaaudze vana kuti:

- Kana ukanyora misoro iri pamusoro nemavara madiki unotara. Kana ukanyora nemavara makuru hautari.

- Vadzidzi ngavaashandise pfungwa dziri mubhuku revadzidzi kuumba zvirevo nendima dzemhan'aro yavo.
- Ngavanyore mhan'aro iyi mumapoka uye mumwe nemumwe ngaanyore mubhuku rake rerondedzero.

G. Mwedzi yegore

Vana ngavadome mwedzi yegore. Ngavakurukure mumapoka avo zvinoitwa mumwedzi wega wega.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi

- | | |
|-----------------|---------------|
| 1 Gumi nemiviri | 6 Nyamavhuvhu |
| 2 Gumiguru | 7 Chivabvu |
| 3 Chikumi | 8 Kurume |
| 4 Ndira | 9 Gunyana |
| 5 Zvita | 10 Mbudzi |

H. Basa rekuita kumba

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi.

- 1 Ngaikomborerwe nyika yeZimbabwe.
- 2 1980.
- 3 Pazvikoro, zvipatara, mahofisi ehurumende.
- 4 Varungu.
- 5 1966 kusvika 1979.
- 6 Pfuti nemabhambo.
- 7 Vaivapa chikafu, zvekupfeka nemishonga.
- 8 Mozambique, Yugoslavia, China, Romania nedzimwe.
- 9 Nhatu.
- 10 Kufa, kuremara, kusiya mhuri.

I. Wedzera ruzivo

- | | |
|------------------------------|--------------------------|
| 1 Makumi mapfumbamwe nenomwe | 6 Makumi matanhatu neina |
| 2 Makumi masere nenomwe | 7 Makumi mashanu |
| 3 Zana | 8 Makumi maviri neshanu |
| 4 Zana nemakumi mashanu | 9 Gumi nesere |
| 5 Makumi manomwe nezvitatu | 10 Gumi neimwe (nerimwe) |

Dzokororo yekutanga

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revana.

- 1 NdiRevai.
- 2 Vanhu vana.
- 3 Mai Ratidzai / Vatete.
- 4 Chenai.
- 5 kuchema.
- 6 godo.
- 7 Vakanzwa zita ravo richidanwa nemunhu wavaiziva.
- 8 Vainge vadzinga Revai pamusha.
- 9 Revai.
- 10 Ropofadzo Mupunga.

Kuzadzisa tsumo

- 11 Matende mashava anovavisa doro.
- 12 Hapana mukuyu unovinga shiri.
- 13 Chenga ose manhanga hapana risina mhodzi.
- 14 Kuva wechidiki.
- 15 Kuva neutsinye.
- 16 Kunyengedzwa / Kunyengedzerwa.
- 17 ndimi
- 18 tukomana/twukomana
- 19 dikita
- 20 dhu-u
- 21 povo
- 22 ngandu
- 23 tseu
- 24 hodya
- 25 “Chii chaizvo chavadzingira amai vangu pano?” Akadaro Nyarai.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga nzwisiso vachidudumisa.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kududzira zvirahwe.
- f** kushandisa hameno, kana nanyangwe muzvirevo.
- g** kunyora tsamba yebasa.
- h** kupindura mibvunzo wemufambo wemakiromita.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine manzwi.
- Bhambiri rine zvirahwe.
- Bhambiri rine zvirevo.
- Mufananidzo wemufambo wemakiromita.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Mufananidzo wezvinhu zvemagetsi.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitanhatu Bhuku romudzidzi peji 39-46.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vana ngavakurukurirane mabasa emagetsi uye njodzi dzemagetsi. Ngavataurirane mumapoka vozokurukura zvavawana.

Hurukuro

Mhinduro dzezviri mubhuku revana

- Aini, feni, firiji, dzimudzangara, zvivhitivhiti, chigayo nezvimwe.
- Magetsi anopa chiedza, anobikisa, anoita kuti zvekudya zvisakurumidza kuora uye anoainisa nhumbi.
- Kutsva, kugwinhwa, kufa
- Kushandisa magetsi zvine ungwaru.

Mazwi ari mundima

Izwi rinopikisana nerakapiwa.

- | | | | |
|----------|------------|----------|------------------------|
| a | tinofanira | e | anobuda |
| b | oma | f | ngativhure |
| c | tiine | g | pakavanda (pakahwanda) |
| d | dzima | h | tatanga |

B. Nzwisiso

Magetsi

Vadzidzi ngavaverenge ndima iyi vachiita majana. Ngavaite makwikwi ekuverenga mumapoka. Nyanzvi dzemapoka ngadzikwikwidzane pobuda shasha yevhiki.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi

- | | | | |
|----------|---|-----------|---|
| 1 | D | 6 | B |
| 2 | C | 7 | B |
| 3 | B | 8 | D |
| 4 | C | 9 | C |
| 5 | A | 10 | A |

C. Kunyora pfupiso

Zvingaitwe nevanhu kuzvidzivirira panjodzi dzemagetsi.

Vadzidzi ngavakurukure pfungwa dziri munzwisiso vachiisa mundima imwe chete. Ngavanyore pfupiso mumapoka.

Pfungwa dzinogona kubuda ndeidzi:

- Maoko akaoma
- Shangu
- Kuvhara tambo dzemagetsi
- Kudzima magetsi
- Waya dzemagetsi

D. Kududzira zvirahwe

Vadzidzi ngavaite zvirahwe vari mumapoka maviri mudzidzisi achipa zvibodzwa. Vanenge vaite zvibodzwa zvizhinji ndivo vanenge vabudirira pamakwikwi aya. Vadzidzi ngavadudzire zvirahwe zvakapiwa pabhambiri.

Mhinduro yezvirahwe zviru mubhuku revana

- | | |
|-------------------|------------|
| 1 sadza | 6 zai |
| 2 zongororo | 7 dena |
| 3 muchenje/mujuru | 8 gurwe |
| 4 mukoko | 9 mazino |
| 5 howa | 10 zingizi |

E. Kushandisa ‘hameno’, ‘kana’ uye ‘nyangwe’ muzvirevo

Vana ngavashandise manzwi akapiwa muzvirevo. Ngavamashandise mumapoka vachiumba zvirevo. Ngavanyore basa riri mumabhuku evadzidzi.

Mhinduro yezvirevo zviru mubhuku revadzidzi

- | | |
|-----------|-----------|
| 1 Hameno | 6 nyangwe |
| 2 kana | 7 Hameno |
| 3 Nyangwe | 8 kana |
| 4 Hameno | 9 Nyangwe |
| 5 kana | 10 Hameno |

F. Kunyora tsamba yebasa

Vadzidzi ngavakurukure manyorerwo etsamba yebasa. Ngavanyore tsamba yebasa mumapoka vachishandisa pfungwa dzakapiwa. Mumwe nemumwe ngaanyore tsamba iyi mubhuku rake.

Mudzidzisi ngaudze vana kuti vanowana zvibodzwa pa:

- zviperengo
- batanidzo nepatsanuro yemanzwi
- kuisa pfungwa mundima
- kunyora kero zvinotarisirwa
- kunyora donzvo
- kunyora mhedziso yakanaka

G. Mufambo wemakiromita

Mhinduro dzinotarisirwa pabasa riri mubhuku revadzidzi

- | | | | |
|---|--------------------|----|------------------------|
| 1 | makiromita masere | 6 | makiromitagumi nerimwe |
| 2 | makiromita matatu | 7 | Kuda |
| 3 | makiromita mashanu | 8 | Rudo |
| 4 | makiromita matatu | 9 | makiromita mashanu |
| 5 | makiromita maviri | 10 | makiromita gumi |

H. Wedzera ruzivo

- 1 Muzvezve
- 2 Duta
- 3 Mudzonga
- 4 Svinga
- 5 Mwada
- 6 Muzunda
- 7 Danga
- 8 Mukonde
- 9 Mudungwe
- 10 Chikwata

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachidudumisa.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kuzadzisa zvirevo nenyaudzosingwi.
- f** kutanga chirevo nanyakuitirwa.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kuzadzisa zvirevo zveukama.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Vana vanoita chimutambo.
- Makadhi ane manzwi.
- Bhambiri rine nyaudzosingwi.
- Bhambiri rine zvirevo zvanyakuita nanyakuitirwa.
- Bhambiri rine ukama.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Mifananidzo yegore renzara.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitanhatu Bhuku romudzidzi peji 47-53.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vana ngavaite chimutambo chegore renzara vari mumapoka. Mapoka ngaaite makwikwi powanikwa shasha yevhiki iyoyo.

Hurukuro

Mhinduro dzenhaurirano

- Nzara inokonzerwa nekusanaya kwemvura.
- Vanotambura. Mhuka dzinogona kufa pamwe neshiri. Vanhu vanogona kuziya.
- Zvirimwa zvinooma.
- Matsime, nzizi nemadhamu zvinopwa kana kuoma.
- Vanhu vanopiwa chikafu mugore renzara.

Mazwi anoreva zvakafanana

a	veta	e	makwikwi kana mapitse
b	nhamo kana dambudziko	f	mbongoro
c	manenji	g	mashuku
d	hacha	h	denda kana hosha

B. Nzwisiso

Gore renzara

Vana ngavaverenge manzwi ari pamakadhi. Mudzidzisi ngaape muenzaniso wekuverenga achidana mazwi nemazvo. Vana ngavaverenge vachiita majana.

Mhinduro yemibvunzo yenzwisiso

- 1 Nzara yakaitika mugore ra2008.
- 2 Mhapa ndiyo nhembe yeshure.
- 3 Kufumobata jongwe muromo kumuka mangwanani-ngwanani.
- 4 Makundano zvinoreva makwikwi.
- 5 Chingwa, bota kana dovi zvaigadzirwa nehacha.
- 6 Vainotsvaka mabasa nechikafu kune dzimwe nyika.
- 7 Chirwere chekorera chakanetsa gore iri.
- 8 Zvinoreva kufa.
- 9 Kunhonga svosve nemuromo kutambura.
- 10 Hurumende inofanira kugadzirisa zvekudiridzira kuti kana nzara ikauya isavaonesa nhamo. Vanofanira kuchengetedza chikafu chegore rinenge rapfuura.

C. Pfupiso

Vana ngavakurukure matambudziko akasanganikwa nawo mugore renzara ari munzwisiso yavaverenga. Ngavabatanidze pfungwa dzavapa kuumba ndima.

Dzimwe pfungwa dzinobuda ndeidzi:

- Kushaikwa kwemvura.
- Zvipfuyo nemhuka zvakaparara.
- Shiri dzakatambura.
- Vanhu vakaonda nekutambura.
- Chikafu chaive michero.
- Vanhu vakanoponera kune dzimwe nyika.
- Chirwere chekorera chakanetsa.

D. Kuzadzisa zvirevo nyenyadzosingwi

Vana ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nyenyadzosingwi dzakakodzera. Mumapoka vana ngavashandise nyenyadzosingwi muzvirevo.

Mhinduro yebasa riri mubhuku revadzidzi:

- | | |
|---------------|---------------------|
| 1 pfau pfau | 6 kata kata |
| 2 tsiki tsiki | 7 nyau nyau |
| 3 vai vai | 8 tangu tangu |
| 4 kwati kwati | 9 dzedzere dzedzere |
| 5 boi boi | 10 fasha fasha |

E. Nyakuita nyakuitirwa

Vana ngavatange zvirevo zviri pabhambiri nyakuitirwa. Ngavaumbe zvirevo zvavo vachitanga nyakuitirwa mumapoka.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | |
|--------------------------------|-------------------------------|
| 1 Muchero watanhwa namai. | 6 Mhembwe yabatwa nemuvhimi. |
| 2 Mvura yacherwa nemusikana. | 7 Magetsi adzimwa naKumbirai. |
| 3 Mafuta azorwa naChioneso. | 8 Dutavanhu rakwirwa nevanhu. |
| 4 Chakata dzadyiwa nemadhongi. | 9 Nyama yagochwa naMunashe. |
| 5 Bepanhau raverengwa nababa. | 10 Mwana atsikwa nemotokari. |

F. Rondedzero

Gore rakwakapisa zvikuru

Vana ngavataurirane pfungwa dzerondedzero iyi. Ngavabatanidze pfungwa idzi vachiumba zvirevo. Mumapoka vadzidzi ngavanyore rondedzero iyi. Mudzidzisi ngaayeuchidze vana mhosho dzinobvisirwa zvibodzwa dzambotaurwa muzvikamu zvekumashure.

G. Kuzadzisa zvirevo nemazita ehama

Vana ngavakurukure ukama. Ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri neinzwi reukama. Mumapoka vana ngavataure ukama.

Mhinduro dzeukama huri mubhuku revadzidzi

- | | | | |
|---|------------|----|-----------|
| 1 | muroora | 6 | mbuya |
| 2 | mukuwasha | 7 | vatezvara |
| 3 | muzukuru | 8 | ambuya |
| 4 | babamukuru | 9 | mukuwasha |
| 5 | muramu | 10 | sekuru |

H. Basa rekuita kumba

Mhinduro dzekutsanangura ukama huri mubhuku revadzidzi

- 1 Munin'ina kana mwana wehanzvadzi yemudzimai wako.
Munin'ina wemurume wako.
- 2 Vakadzi vakaroorwa pamusha mumwe chete asi mumwe nemumwe ane murume wake.
- 3 Mudzimai wehanzvadzi yemudzimai wako/Amai vemudzimai wako.
- 4 Vana vakazvarwa namai vamwe chete nababa vamwe chete.
- 5 Munhu waunowirirana naye.
- 6 Munin'ina wababa vako/Mukadzi wehanzvadzi.
- 7 Mukoma wamai vako.
- 8 Mwana wavatete vako.
- 9 Mwana wehanzvadzi yako.
- 10 Mwana wemwana wako.
- 11 Mai vemurume wako.
- 12 Baba vemurume wako.

Ndambakuudzwa akaonekwa nembonje pahuma

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachitevedza zvimiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kushandisa nyaudzosingwi muzvirevo.
- f** kuzadzisa zvirevo nemanzwi anoratidza zvakaitika, zviri kuitika nezvichaitika.
- g** kunyora tsamba kuhama.
- h** kuzadzisa zvirevo nezvieraera.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Bhambiri rine zvimiso.
- Bhambiri rine nyaudzosingwi.
- Bhambiri rine zvakaitika, zviri kuitika nezvichaitika.
- Bhambiri rine tsamba yehama.
- Bhambiri rine zvieraera.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Zvitai-tai zvine manzwi.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitanhatu Bhuku romudzidzi peji 54-61.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Gakava

Zvakakosha kuteerera vakuru nekuti vanoziva zviitiko zveupenyu.

Vana ngavaite mapoka maviri. Boka rekutanga ngaritsigire musoro. Boka rechipiri ngaripikisane nemusoro. Mudzidzisi ngaape zvibodzwa kuvana vanenge vataura pfungwa dzine musoro. Vanenge vawana zvibodzwa zvizhinji ndivo vanenge vatora mukombe.

Hurukuro

Mhinduro dzinokodzera pabasa riri mubhuku revadzidzi

- vana mbuya, sekuru, vatete nevakuru.
- vana havateereri. Vanoita zvavanenge vachirambidzwa.
- vanopinda mumatambudziko.
- vanhu ngavateerere rairo kana yambiro yavanenge vapiwa.

Mazwi muuwandu

Mhinduro dzemazwi ari mubhuku revadzidzi

- | | | | |
|---|---------------|---|---------|
| a | makomo | e | rima |
| b | shamwari | f | nzvimbo |
| c | minzvirumombe | g | vanhu |
| d | miromo | h | vana |

B. Nzwisiso

Ndambakuudzwa akaonekwa nembonje pahuma

Vana ngavakurukure mabasa ezvimiso pakuverenga. Ngavaverenge vachiita majana. Mumapoka vana ngavaite makwikwi ekuverenga. Shasha dzekuverenga dzawanikwa mumapoka ngadzikwikwidzane kuverenga powanikwa nyanzvi yekuverenga yevhiki iyoyo.

Kupindura mibvunzo yenzwisiso

Mhinduro yemibvunzo iri mubhuku revadzidzi

- 1 Baba vaNhamoinesu vainzi VaChafa.
- 2 Gomo reGombe riri kuBuhera.
- 3 Vakomana ava vakadya nzvirumombe.
- 4 Nhamo akapembenuka ari pakati pegomo.
- 5 Inzwi riri mundima rinoreva kuti kudaidza ndikusheedza.
- 6 Tongai akadyiwa nezvikara.
- 7 VaChafa vaiziva kuti gomo iri raiera.
- 8 Nhamo akazopembenuka areva ruregerero kuvakuru vegomo. Akazopembenuka adya ivhu.
- 9 Ndambakuudzwa akaonekwa nembonje pahuma.
- 10 Kushora kana kutsoropodza zviri musango kana nzvimbo dzinoyera.

C. Pfupiso

Vana ngavakurukure zvakaitika kuna Nhamo naTongai mugomo reGombe.

Pfungwa dzinogona kubuda ndeidzi:

- 1 Kukwira mugomo reGombe.
- 2 Kusangana nemunzvirumombe une nzviru.
- 3 Kushora muchero.
- 4 Kuona rima voparadzana.
- 5 Kureva ruregerero kwaNhamo. Kudya ivhu.
- 6 Tongai anowanikwa akadyiwa nezvikara.

Vana ngavabatanidze pfungwa idzi mumapoka votevedza manzwi avanzi vasvitse. Vadzidzi ngavanyore pfupiso iyi mumabhuku avo.

D. Kushandisa nyaudzosingwi

Vana ngavashandise nyaudzosingwi dziri pabhambiri muzvirevo. Mumapoka vana ngavaumbe zvirevo zvine nyaudzosingwi. Vana ngavashandise nyaudzosingwi dziri mubhuku revadzidzi mukunyora sekuti:

- 1 Mwana akati pembenu kubva kuhope.
- 2 Vese vakati bvu-u kuseka.

- 3 Michero yainge yakati chakata.
- 4 Zinyoka rakati zvongonyo richipinda musango.
- 5 Ainge akati rabada pazasi pemuti.
- 6 Huruva yakati tsvete mudenga.
- 7 Tongai akati bherengende kuvhura musuwo.
- 8 Hapana akati bufu kutaure nyaya iyi.
- 9 Tsuro yakati pfori muguru ichitiza imbwa.
- 10 Mbeva yakati dhugu kubuda mumwena.

E. Zvakaitika, zviri kuitika nezvichaitika

Vana ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nenguva dzezviito. Mumapoka vadzidzi ngavataure nenguva dzezviito. Ngavanyore mhinduro yebasa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana

- | | |
|---------------|---------------|
| 1 ndakaenda | 6 ndageza |
| 2 ndamuka | 7 ndakabirwa |
| 3 ndicharidza | 8 ndichanyora |
| 4 ndakarumwa | 9 ndakanga |
| 5 ndichatenga | 10 ndatsva |

F. Kunyora tsamba kuhama

Vana ngavakurukure manyorerwo etsamba kuhama. Ngavataurirane pfungwa dzetsamba iyi. Mumapoka vadzidzi ngavanyore tsamba iyi vachishandisa pfungwa dzakapiwa. Mumwe nemumwe ngaanyore tsamba iyi mubhuku rake.

G. Zvieraera

Vana ngavakurukure zvieraera. Ngavataure zvieraera mumapoka avo. Ngavanyore zvieraera zviri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro yezvieraera zviri mubhuku revadzidzi

- | | |
|--------------------|--------------------|
| 1 mamota | 6 unokachidzwa |
| 2 mahobi | 7 unorova mudzimai |
| 3 kunofa hama | 8 mvura hainayi |
| 4 unoitira munyama | 9 anowanda |
| 5 unorova mubereki | 10 unoshura rufu |

H. Basa rekuita kumba

Nguva dzeChiShona

Vana ngavataurirane nguva dzeChiShona dzavanoziva. Ngavanyore zvinoreva nguva dziri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzinotarisirwa ndeidzi:

- | | | | |
|---|---------------|----|---------------------|
| 1 | kunze kwoedza | 6 | zuva rovira |
| 2 | kunze kwoedza | 7 | mangwanani-ngwanani |
| 3 | zuva rovira | 8 | zuva rovira |
| 4 | masikati | 9 | zuva rovira |
| 5 | kunze kwoedza | 10 | masikati |

I. Wedzera ruzivo

- 1 Kuseka bere rine makuva, iro richidya vanhu.
- 2 Mhembwe rudzi, inozvara mwana ane kazhumu.
- 3 Gudo guru peta muswe kuti vadikiI vakutye.
- 4 Nyoka huru haizvirumi.
- 5 Shumba inoruma yakanyarara.
- 6 Kure kwegava ndokusina mutsubvu.
- 7 Uswa hwenyati ndehuri mudumbu, huri pamuromo inofa nahwo.
- 8 Garwe haridyi chokubamba, charo chinoza neronga.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachitevedza zvimiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kunyora tsumo dzinoreva zvakafanana.
- f** kuzadzisa zvirevo neinzwi rakakodzera.
- g** kunyora tsamba kushamwari.
- h** kunyora mitupo nezvidawo.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Bhambiri rine zvimiso.
- Zvitai-tai zvine manzwi.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Bhambiri rine tsumo.
- Bhambiri rine manzwi akakodzera.
- Bhambiri rine tsamba yeshamwari.
- Bhambiri rine mitupo nezvidawo.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitanhatu Bhuku romudzidzi peji 62-68.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vana ngavataurirane maererano nebasa rinoitwa nyenyuchi. Mumapoka vana ngavataurirane zvinhu zvakanaka zvinoitwa nyenyuchi uye zvakaipa zvinoitwa nyenyuchi.

Hurukuro

Mhinduro dzezviri mubhuku revadzidzi

- Nyuchi dzinotora maruva dzogadzira uchi.
- Dzinotora upfu huri pamaruva dzichibvisa pane umwe muti dzichiisa pane mumwe zvoita kuti miti yemichero iite michero.
- Ukadenga nyuchi unorumwa.
- Uchi.

Mazwi anoreva zvakanaka ari mubhuku revadzidzi

- | | |
|---|------------------------------------|
| a zvekudya kana zvidyiwa | e zvipfeko |
| b akadzitarisisa kana akadziongorora | f vakasvikotaurira |
| c ibwe | g mhirizhonga kana zhowezha |
| d makwikwi, mapitse kana makundano | h vakasvikozvipfigira |

B. Nzwisiso

Nyuchi

Vana ngavaverenge nzwisiso iyi vachitevedza zvimiso. Vadzidzi ngavaite makwikwi ekuverenga vari mumapoka votsvaka shasha yeboka. Shasha iyi ngaikwikwidzane nedzimwe shasha dzemamwe mapoka pobuda nyanzvi yekuverenga yevhiki iroro.

Kupindura mibvunzo yenzwisiso

Vana ngavapindure mibvunzo yenzwisiso yavachabvunzwa nemudzidzisi. Vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi mumapoka avo. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa renzwisiso riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Tinei aidzidza paGroombridge kuHarare.
- 2 Nyuchi dzainge dzakaungana pamuti wemuchakata kana muhacha.
- 3 Akanga achienda kuchimbuzi.
- 4 Tinei akapotsera nyuchi.

- 5 Mai Mugayo vakaudza vana kuti vavhare mafafitera.
- 6 Mukuru wechikoro ichi ainzi VaMoyo.
- 7 Mborera dzenyuchi dzainge dzakachena mumuviri waTinei.
- 8 Tinei akagara muchipatara kwevhiki mbiri.
- 9 Kuita ushamwari nemhepo zvinoreva kumhanya zvikuru.
- 10 Kupona nepaburi retsono zvinoreva kupotsa kufa nepadiki-diki.

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavakurukure zvakaitika kuna Tinei mushure mekupotsera nyuchi. Ngavataurirane pfungwa dzepfupiso iyi semuenzaniso:

- Dombo rakatema nyuchi.
- Nyuchi dzakananga kuna Tinei.
- Tinei akatiza nyuchi.
- Nyuchi dzakamutevera.
- Tinei akawira pasi.
- Nyuchi dzakaruma Tinei.
- Tinei akachema.
- Vana vakarumwa nenyuchi.
- Tinei akazoendeswa kuchipatara.

Vana ngavabatanidze pfungwa idzi mumapoka vonyora pfupiso ine manzwi akataurwa. Vana ngavanyore pfupiso iyi mumwe nemumwe ega.

D. Tsumo dzinoreva zvakafanana

Vana ngavadome tsumo dzinoreva zvakafanana nedziri pabhambiri. Vana ngavataure tsumo dzinoreva zvakafanana vari mumapoka.

Tsumo dzinoreva zvakafanana nedziri mubhuku revadzidzi:

- 1 Motsi haarwirwi.
- 2 Murombo haarovi chine nguvo.
- 3 Chisi chako masimba mashoma.
- 4 Apunyaira haashayi misodzi.
- 5 Chidamoyo hamba yakada makwati.
- 6 Kurera imbwa nemukaka mangwana inofuma yokuruma.
- 7 Matende mashava anovazva doro.

- 8 Rina manyanga hariputirwi mumushunje.
- 9 Muromo wavakuru hauwiri pasi.
- 10 Ndambakuudzwa akaonekwa nembonje pahuma.

E. Zvinongedzi

Vana ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri neinzwi rakakodzera. Vana ngavazadzise zvirevo zviri pamakadhi mumapoka. Vadzidzi ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzezvirevo zviri mubhuku revadzidzi

- | | |
|--------|---------|
| 1 idzi | 6 uyu |
| 2 iyi | 7 izvi |
| 3 uyu | 8 umu |
| 4 aya | 9 ichi |
| 5 urwu | 10 urwu |

F. Tsamba kushamwari

Vana ngavakurukure manyorerwo etsamba kushamwari. Vana ngavataure zvinoreva kupona nepaburi retsono. Vadzidzi ngavataure tsamba iyi mumapoka. Mumwe nemumwe ngaanyore tsamba iyi.

G. Mitupo nezvidawo

Vana ngavataure mitupo yavo nezvidao zvayo. Vana ngavazadzise mitupo nezvidao zviri pabhambiri mumapoka. Vadzidzi ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemitupo nezvidao zviri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|-----------------------------|--------------------|
| 1 Mhofu | 6 Mbizi |
| 2 Gumbo | 7 Wamambo |
| 3 Dhliwayo | 8 Murambwi / Mhazi |
| 4 Shoko | 9 Nzou |
| 5 Chirandu, Gono kana Dhewa | 10 Chuma |

H. Basa rekuita kumba

Kuronga mazwi sezvaari muduramanzwi.

Mhinduro yebasa riri mubhuku revadzidzi

1	chana	chara	chedu	chikoro	choto
2	danda	davi	diki	dongo	duri
3	fara	famba	fimbi	fodya	fura
4	gara	gidi	godo	gura	gwizo
5	zai	zene	zondo	zororo	zuva
6	uchi	uma	ura	urozvi	uyu
7	rava	rereka	rima	rova	ruma
8	sara	senga	sona	sora	sunga
9	sazita	sekuru	shasha	shiri	svosve
10	neni	nharo	nhongo	nwiwa	nyaya
11	gura				
12	gumbo				
13	zunde				
14	gwidi				
15	tseu				
16	doro				
17	gota				
18	nhanga				
19	chiro				
20	bikiro				

Bepa rokutanga

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi.

1 C	11 D	21 B	31 C
2 A	12 B	22 C	32 D
3 A	13 D	23 D	33 A
4 B	14 B	24 B	34 B
5 C	15 C	25 B	35 B
6 C	16 C	26 B	36 C
7 A	17 D	27 C	37 C
8 B	18 C	28 D	38 C
9 C	19 C	29 D	39 D
10 B	20 A	30 B	40 C

Bepa rechipiri

Chikamu chekutanga: Rondedzero

Vadzidzi ngavasarudze musoro mumwe chete vagonyora pamusoro perondedzero, hurukuro kana tsamba pamisoro yakapiwa iyi:

- 1 Rondedzera makwikwi awakaona.
- 2 Nyora rondedzero pamusoro pekukosha kwemvura.
- 3 Nyora hurukuro pakati pemupurisa nembavha yabatwa ichiba.
- 4 Nyora tsamba kumukuru wezveutano uchimuudza chirwere chanetsa munzvimbo maunogara.
- 5 Tسانگورا musi wawakarasika mudhorobha.

Chikamu chechipiri: Nzwisiso

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revana ndeidzi:

- 1 Mahumbwe ndiwo mutambo wataurwa mundima.
- 2 Vana vanodzidza mabikirwe esadza.
- 3 Pavanokurunga nechimuti vana vachisimbisa maoko.
- 4 Kusuka midziyo nekutsvaira pavanobikira kunovadzidzisa utsanana.

Pfupiso

Vana ngavanyore pfupiso. Pfungwa dzinobuda mupfupiso iyi ndeidzi:

- kubika
- kusuka
- kutsvaira pavanobikira
- kupakura chikafu
- kupanana chikafu
- kugarisana zvakanaka

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachidudumisa.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso vachinyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kududzira madimikira.
- f** kudoma zambiringa munyemba.
- g** kunyora tsamba yebasa.
- h** kuisa manzwi patsoro.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Mepu yeZimbabwe.
- Makadhi ane manzwi.
- Bhambiri rine madimikira.
- Bhambiri rine zambiringa munyemba.
- Bhambiri rine tsamba yebasa.
- Bhambiri rine tsoro.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitanhatu Bhuku romudzidzi peji 77-84.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Hurukuro

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi:

- 1 Zvicherwa zvinouyisa upfumi munyika.
- 2 Zvinotengeswa nyika yoita mari.
- 3 Renco, Shamva, Mazoe, Shurugwi neMhondoro
- 4 Chiadzwa neMurowa
- 5 KuHwange

Mazwi muushoma

- | | | | |
|---|-----------|---|----------|
| a | chicherwa | e | rata |
| b | njanji | f | dhorobha |
| c | gaba | g | chuma |
| d | ibwe | h | chirimwa |

B. Nzwisiso

Upfumi hweZimbabwe

Vadzidzi ngavaverenge manzwi zvakanaka. Ngavaite makwikwi ekuverenga vari mumapoka. Shasha dzekuverenga ngadzikwikwidzane posarudzwa nyanzvi yekuverenga yevhiki iyoyo.

Mhinduro dzemibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Nyadenga inzwi rinoreva Mwari.
- 2 Marasha anowanikwa kuHwange.
- 3 Goridhe rinocherwa kuRenco, Shamva, Mazoe, Shurugwi neMhondoro.
- 4 Chiadzwa neMurowa ndiko kunocherwa madhaimondi.
- 5 Mhangura inogadzirisa mapadza nedzimwe simbi.
- 6 Matombo zvinoreva mabwe.
- 7 Mugodhi weSandawana uri kuMberengwa.
- 8 Chicherwa chinogadzira mafetiraiza chinowanikwa kuDorowa.
- 9 Vanhu vanowana mabasa mumigodhi uye vanotengesera vanoshanda pamigodhi zvavanenge vanazvo.
- 10 Nyika inotengeswa zvicherwa kune dzimwe nyika yofuma.

C. Pfupiso

Vana ngavakurukure kukosha kwezvicherwa muZimbabwe. Mumapoka vana ngavanyore pfungwa dzavo. Ngavabatanidze pfungwa idzi vonyora pfupiso. Pfungwa dzinogona kubuda ndeidzi:

- Marasha anogadzira magetsi.
- Marata.
- Mhete, rin'i nezvuma.
- Mari yedzimwe nyika.
- Mapadza nedzimwe simbi.
- Fetiraiza.
- Mushonga wemazino newegomarara.
- Mabhatiri emotokari.
- Kubudirira kwenyika.

D. Kududzira madimikira

Vana ngavadudzire madimikira ari pabhambiri. Mumapoka vana ngavadudzire madimikira ari pamakadhi.

Mhinduro dzemadimikira ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Kuita chipfambi.
- 2 Kuvhunduka kana kutya.
- 3 Kubatsirana kufunga kana kupanana mazano.
- 4 Kurwadziwa.
- 5 Kuita seusina iwe uinazvo kana kunyepedzera kuita seunotambura iwe usingatamburi.
- 6 Nyaya dzisina maturo kana dzisina basa.
- 7 Kunyarara.
- 8 Kupa musikana pamuviri kana nhumbu.
- 9 Kuvamba chinhu chinokuvadza.
- 10 Kuita chinhu wakavanda kana kuita chinhu usingabudi pachena.

E. Kudoma zambiringa munyemba

Vana ngavataure zambiringa munyemba pamanzwi ari pabhambiri. Mumapoka vana ngavape zvikonzero zvemanzwi avati mazambiringa munyemba.

Mhinduro dzezambiringa munyemba mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | |
|----|---------|---|
| 1 | badza | – harisi mudziyo wemumba. |
| 2 | nzungu | – hadzirimwi mubindu. |
| 3 | sekuru | – munhurume. |
| 4 | bheke | – haripfekwe. |
| 5 | ndege | – haifambi mumugwagwa. |
| 6 | poto | – haisi mhando yehari. |
| 7 | hwedza | – haisi munda. |
| 8 | dura | – harisi mudziyo unoisirwa zvinhu. |
| 9 | chituro | – hachisi mudziyo unoshandiswa kufambisa mashoko. |
| 10 | bhodho | – hariridzwi. |

F. Tsamba yebasa

Vana ngavakurukure manyorerwo etsamba yebasa. Ngavakurukure pfungwa dzetsamba iyi mumapoka. Ngavanyore tsamba iyi seboka uye mumwe nemumwe ega.

G. Tsoro yemazwi

Vana ngavaite tsoro iri pabhambiri.

Mhinduro dzetsoro iri mubhuku revana.

Kudzika

- | | | | |
|---|----------|---|-------|
| 1 | Mutare | 5 | rara |
| 2 | Shurugwi | 6 | Gweru |
| 3 | omba | 7 | nyii |
| 4 | ehe | | |

Kuchinjika

- | | | | |
|---|----------|---|----------|
| 1 | Masvingo | 4 | nzimbe |
| 2 | Harare | 5 | afa |
| 3 | wana | 6 | mupfuuri |

H. Basa rekuita kumba

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

- 1 tsiru
- 2 mhou
- 3 dhonza
- 4 dore
- 5 chiro
- 6 sheche
- 7 nhongo
- 8 dunzvi kana nhunzvi
- 9 jongwe
- 10 tseketsa

I. Wedzera ruzivo

- 1 anoruta
- 2 vakanaka
- 3 anoty
- 4 ane simba
- 5 akangwara

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachitevedzera zvimiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kutsanangura zvinoreva tsumo.
- f** kuzadzisa zvirevo nechiito.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kudoma mhuka nevana vadzo.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine manzwi.
- Bhambiri rine tsumo.
- Bhambiri rine zviito.
- Bhambiri rine mhuka nevana vadzo.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitanhatu Bhuku romudzidzi peji 85-91.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane kodzero dzevana.

Mumapoka vadzidzi ngavaite chimutambo chekutyorwa kwekodzero dzevana.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- kodzero dzekurarama, kuvhota, kusarudza kereke yaunoda, utano nedzimwe.
- dzekurarama, kudzidza, dzeutano, dzekuchengetwa, dzekutaura zvavanoda vakasununguka nedzimwe.
- vanouraya vana, kurova vana, kusaendesa vana kuchikoro, kusarapisa vana, kutuka vana nedzimwe nzira dzekushungurudza vana.
- vanosungwa nemapurisa kana kuendeswa kujere.
- vana vanofanira kusununguka kutaura zvavanoda kuitirwa nevakuru.

Mhinduro dzemazwi muwandu ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|------------------|--------------------|
| a mazai | e mabvute |
| b nherera | f zvikomana |
| c vana | g zvipatara |
| d minda | h nzizi |

B. Nzwisiso

Kutyora kodzero

Vadzidzi ngavaverenge ndima vachiita majana vachitevedzera zvimiso. Ngavakwikwidzane mumapoka vozosarudza nyanzvi yekugona kuverenga yevhiki iyoyo.

Mhinduro dzemibvunzo yenzwisiso dziri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Vabereki vaPanashe vainge vashaika.
- 2 Panashe aisara achifudza mombe.
- 3 Rainzi Jaru.
- 4 Mombe dzakanodya mumunda maVaGurajena.
- 5 Mukuru wechipatara akanoudza mapurisa.
- 6 Nherera zvinoreva mwana akafirwa nevabereki.
- 7 Kodzero yedzidzo ndiyo yakatyorwa naVaMhofu.
- 8 Kodzero yekusununguka uye kubatwa zvakanaka.
- 9 Kunzvimbo dzinochengetwa nherera sekuMatthew Rusike nekumwe.
- 10 Social Welfare neChild Protection Committee.

C. Pfupiso

Vana ngavakurukure kushungurudzwa kwaPanashe vachiburitsa pfungwa dziri mubhuku. Ngavabatanidze pfungwa vonyora pfupiso.

Pfungwa dzinogona kubuda ndeidzi:

- kumutswa vamwe varere.
- kusakura mumunda ega.
- kusaenda kuchikoro.
- kufudza mombe.
- kuswera nenzara.
- kurohwa newaya ine minzwa.

D. Kuziva zvinoreva tsumo

Mhinduro dzetsumo dziri mubhuku revana.

- 1 Hazvina kunaka kuseka munhu ane dambudziko.
- 2 Kana ukashanda nesimba unobudirira.
- 3 Kazhinji vana vanotodza zviito kana tsika dzevabereki vavo.
- 4 Kazhinji munhu ane tsika yaajaira haairegi.
- 5 Munhu asingateereri kurairwa kazhinji anopedzisira apinda mumatambudziko.
- 6 Totenda kana zvaitika.
- 7 Kana munhu ane chinhu chaanodisira chero chiri kure sei anotokuenda chete.
- 8 Zvinhu zvese zvinobuda pachena.
- 9 Kazhinji vanhu vanozotaura dambudziko kana vachinge vakambosangana naro vakapunyuka.
- 10 Kana ukasataura dambudziko raunenge uinaro hapana anozoriziva, unoramba uinaro.

E. Zviito

Vana ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nemazwi ezviito akakodzera.

Mazadzisirwo ezvirevo zviri mubhuku revadzidzi ndeaya:

- | | |
|-----------|------------|
| 1 kukama | 6 kufuka |
| 2 kuvhima | 7 menya |
| 3 kupfura | 8 kuveza |
| 4 kusesa | 9 kupfimba |
| 5 umbura | 10 kutunga |

F. Rondedzero

Vana ngavakurukurirane mhosva dzavakapara. Ngavanyore rondedzero iyi mumapoka vachishandisa pfungwa dzakapiwa. Ngavanyore mumabhuku avo.

G. Mhuka nevana vadzo

Vana ngavadome mhuka dzavanoziva uye vana vadzo. Ngavazadzise basa riri pabhambiri vari mumapoka.

Mhinduro yebasa riri mubhuku revadzidzi:

- | | |
|-------------------------|------------|
| 1 hukwana kana nhiyo | 6 tsvana |
| 2 chidharimbo | 7 mhuru |
| 3 shokorana kana maidei | 8 nhowa |
| 4 chiduwa | 9 buruwuru |
| 5 zana | 10 handa |

H. Basa rekuita kumba

Mhinduro dzinotarisirwa pabasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|--------------------------|-----------------|
| 1 tsvimborume | 6 nyachide |
| 2 tsikombi | 7 chapa / fende |
| 3 pfunda kana humburukwa | 8 goremuचेचे |
| 4 gavamwedzi | 9 mbonga |
| 5 chimumumu | 10 gotwe |

I. Wedzera ruzivo

- 1 mudumbu
- 2 ruoko
- 3 mumukanwa
- 4 vhudzi
- 5 pamatama
- 6 norurimi
- 7 pahuro
- 8 negumbo

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kushandisa fananidzo muzvirevo.
- f** kuisa zvimiso pakakodzera.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kuzadzisa zvirevo nemazita ehama.
- i** kuita basa rekumba.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitanhatu Bhuku romudzidzi peji 92-97.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane kukosha kwekombiyuta. Mumapoka vana ngavakurukure zvakanakira kombiyuta nezvayakaipira.

Hurukuro

Mhinduro dzekutaurirana kuri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- inofambisa mashoko, inovaraidza, inodzidzisa, ine ruzivo rwezvidzidzo zvakasiyana-siyana.
- Mifananidzo, zvidzidzo, zvinyorwa nezvimwe.
- Mimhanzi, nhau, mitambo nezvimwe.

Mazwi anoreva zvakafanana

Mhinduro dzemazwi ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- a tafunda
- b murairidzi
- c akangwara
- d unogona
- e inozotirangaridza kana inozotitondedza
- f mashoko
- g rava
- h tigone

B. Nzwisiso

Kombiyuta

Vadzidzi ngavaite makwikwi ekuverenga vachidana manzwi zvakanaka. Ngavasarudze shasha yekuverenga yevhiki iyoyo.

Mhinduro dzemibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revana

- 1 NdiChenai akanyora tsamba iyi.
- 2 Chenai anogara kuBikita.
- 3 Ndibaba vakamutengera kombiyuta.
- 4 Mifananidzo inoyeuchidza zviitiko zveupenyu.
- 5 Vana vanovaraidzwa vachiona zvimutambo.
- 6 Vatete vaiti muzukuru kuna Chenai.
- 7 Kombiyuta inopa ruzivo rwezvidzidzo zvakasiyana-siyana.
- 8 Ruzivo rwemasvomhu, sainzi, zvitendero nezvimwe zvinowanikwa pakombiyuta.
- 9 Ine mimhanzi inovaraidza.
- 10 Anotumira mifananidzo neruzivo rusiri rwezera revana senyaya dzepabonde.

C. Pfupiso

Vana ngavakurukurirane kukosha kwemakombiyuta. Mumapoka avo vadzidzi ngavaunganidze pfungwa dzepfupiso iyi. Ngavabatanidze pfungwa idzi kumba pfupiso.

Dzimwe pfungwa ndeidzi:

- kunyora tsamba
- kutaaurirana
- kutsvaka ruzivo
- kujelesa ruzivo
- zvidzidzo zvakasiyana-siyana
- mitambo
- mifananidzo

Mudzidzisi ngaayeuchidze vadzidzi kuti vasadaridza uwandu hwemanzwi hwakataurwa.

D. Kushandisa fananidzo

Vana ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nefananidzo dzakakodzera. Mumapoka vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvavo zvine fananidzo.

Mazadzisirwo ezvirevo zvefananidzo zviri mubhuku revadzidzi ndeaya:

- | | | | |
|---|-----------|----|--------|
| 1 | hurungudo | 6 | derere |
| 2 | inda | 7 | kiti |
| 3 | ngirozi | 8 | mvumba |
| 4 | chidembo | 9 | nyoka |
| 5 | shiri | 10 | tsuro |

E. Kuisa zvimiso pakakodzera

Vadzidzi ngavadome zvimiso uye pazvinoshanda. Ngavaise zvimiso pazvirevo zviri pabhambiri. Mumapoka vadzidzi ngavanyore zvirevo vachiisa zvimiso pakakodzera.

Zvimiso pazvirevo zviri mubhuku revadzidzi ndeizvi:

- 1 Kudakwashe nhasi ari kurwara.
- 2 Sekai auya naani nhasi?
- 3 Tanzania
- 4 Akarima bhinzi, nzungu, nyimo, chibage nerukweza.
- 5 Mangwana
- 6 Ndiani akatora mari yaiva mumba?
- 7 Chitatu
- 8 Vatete, mukoma, mbuya, sekuru namainini.
- 9 Chii chaabatwa achiita?
- 10 VaChiriga.

F. Rondedzero

Vana ngavatsanangure musi wvakafara zvikuru. Mumapoka ngavakurukure pfungwa dzerondedzero iyi. Ngavabatanidze pfungwa idzi vonyora rondedzero.

G. Mazita ehama

Vana ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nemazita ehama. Mumapoka vadzidzi ngavataure mazita ehama.

Mazadzisirwo ebasa riri mubhuku revana ndeaya:

- 1 babamukuru
- 2 muroora
- 3 mukuwasha
- 4 maiguru
- 5 muramu
- 6 vatezvara
- 7 vamwene
- 8 hanzvadzi
- 9 sekuru
- 10 mbuya/ambuya

H. Basa rekuita kumba

Vana ngavanonyora rondedzero yemusi wvakasuwa zvikuru.

Kutandara pasichigare

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachitevedzera zvimiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kunyora fananidzo muzvirevo.
- f** kunyora zviperengo zvakanaka.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kuzadzisa zvirevo nemazita.

Zvombo zvichashandiswa

- Bhambiri rine zvimiso.
- Zvitai-tai zvine manzwi.
- Bhambiri rine fananidzo.
- Manzwi pamakadhi.
- Bhambiri rine zvirevo nemazita enzvimbo.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Bhambiri rine chibhokisi chekuumba manzwi.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitanhatu Bhuku romudzidzi peji 98-104.
- Bumiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vana ngavaite ngano vamwe vakateerera. Ngavatsvake sarungano anenge aita rungano runonakidza. Ndiye anenge ari sarungano wemusi iwoyo.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Ngano dzaiitwa navanasarungano pasichigare. Vainge vari vanhu vakuru.
- Dzaivaraidza apo vana vaiteerera vasina basa ravaiita.
- Vana vaivarairwa nekuimba nziyo dzaiva mungano.
- Vana vaidzidza kusaba, kusaita usimbe, kusanyengedza, kungwara, kugona kugadzirisa matambudziko nezvimwe.
- Vana ndivo vaiitirwa ngano.

Mazwi muuwandu

Mhinduro yemazwi ari mubhuku revadzidzi ndeiya:

- | | | | |
|----------|----------|----------|--------------|
| a | zvuma | e | matambudziko |
| b | nziyo | f | miromo |
| c | makwenzi | g | masango |
| d | mazano | h | zvekudya |

B. Nzwisiso

Ngano

Vadzidzi ngavakurukure mabasa ezvimiso. Ngavaverenge ndima vachitevedza zvimiso. Mumapoka vadzidzi ngavasarudze shasha yekuverenga. Shasha ngaikwikwidzane nedzimwe shasha dzemapoka pobuda nyanzvi yekuverenga yevhiki iyoyo.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|---|-----------|---|
| 1 | B | 6 | D |
| 2 | C | 7 | A |
| 3 | D | 8 | C |
| 4 | A | 9 | D |
| 5 | C | 10 | C |

C. Pfupiso

Vana ngavakurukure upenyu hwaKaringa naamai vake. Mumapoka vadzidzi ngavanyore pfungwa dzepfupiso vozobatanidza pfungwa idzi mumwe nemumwe achinyora pfupiso semuenzaniso:

- Kupfigira Karinga mumba.
- Kuenda musango.
- Kutsvaka michero.
- Kuimba rwiyo kana amai vadzoka.
- Shumba inoteerera yozoimba nenzwi gobvu.
- Mai vanoimba shumba ichitevedzera.
- Shumba inoimba neinzwi dete.
- Karinga anodyiwa neshumba.

Mudzidzisi ngaayeuchidze vana zvinotarisisirwa papfupiso.

D. Kushandisa fananidzo muzvirevo

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nefananidzo. Mumapoka vana ngavataure zvirevo zvavo zvine fananidzo.

Mazadzisirwo ezvirevo zviri mubhuku revana ndeaya:

- | | | | |
|---|----------|----|----------|
| 1 | semunzwa | 6 | dombo |
| 2 | rutsanga | 7 | dohwe |
| 3 | gudo | 8 | chidembo |
| 4 | vhiri | 9 | kamba |
| 5 | shumba | 10 | tsuro |

E. Kunyora zviperengo zvakanaka

Vana ngavaumbe manzwi ari muchibhokisi pabhambiri. Ngavaumbe manzwi vari mumapoka voona boka rinenge raumba manzwi akawanda ndiro rinenge ratora mukombe.

Mazwi anogona kuumbika muchibhokisi chiri mubhuku revadzidzi ndeaya:

furira	garwe	rasa	zii	arwa	rwara
mugwagwa	gondo	burwa	urwa	aya	dara
ava	vana	Zimbabwe	uya	vara	mago
pomba	wadada	roya	wabva	upere	arura
rura	wenyu	auya	uya	enyu	upere

F. Rondedzero

Vana ngavataure ngano dzavakambonzwa. Ngavanyore ngano idzi mumabhuku avo.

G. Kuzadzisa zvirevo nemazita enzvimbo

Vadzidzi ngavataure nzvimbo uye mabasa anoitwapo.

Mhinduro dzezvirevo zviri mumabhuku evana ndeidzi:

- 1 chikoro
- 2 kamba
- 3 bhanga
- 4 bhekari
- 5 bhawa
- 6 chipatara
- 7 hotera
- 8 hofisi
- 9 tembere
- 10 chitoro

Dzokororo yechipiri

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----|---|----|--|
| 1 | ndiamai kana ndimai Sarudzai. | 18 | tana |
| 2 | mabasa. | 19 | madhuku |
| 3 | Sarudzai aizodiridza bindu remurivo. | 20 | hova |
| 4 | Garikai. | 21 | masango |
| 5 | aizotsvaira chivanze. | 22 | banga |
| 6 | Panashe | 23 | nyoka |
| 7 | vashanu | 24 | Mwana wake anonzi Vongai. |
| 8 | madzimai | 25 | “Unobva kupi?” Akabvunza Farirai. |
| 9 | vainge vachiti vapiwa mabasa echikadzi. | 26 | “Wandikuvadza” |
| 10 | kufa | 27 | Pamusoroi... |
| 11 | kuwana zvawafambira zvapera. | 28 | “Machaya panhamba dzisiriidzo...” |
| 12 | kutaura nemazvo. | 29 | Mudzidzisi ndinokumbira ruregerero... |
| 13 | Aiva madziva ava mazambuko. | 30 | “Pamusroi. Handina kunzwa zita rangu.” |
| 14 | Rine manyanga hariputirwi. | 31 | “Zvinenge zviri kurema, regai ndikubatsirei. |
| 15 | Kandiro kanoenda kunobva kwamwe. | 32 | “Shamwari ndinokumbira ruregerero...” |
| 16 | bherengende | | |
| 17 | dhu-u | | |

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kupa madimikira ane dudziro yakapiwa.
- f** kupa zita rimwe rinobatanidza manzwi akapiwa.
- g** kunyora rondedzero yemhan'aro.
- h** kuverenga girafu nekupindura mibvunzo mukunyora.

Zvombo zvichashandiswa

- Mufananidzo wenjodzi mumugwagwa.
- Zvitai-tai zvine manzwi.
- Bhambiri rine madimikira.
- Bhambiri rine manzwi.
- Bhambiri rine girafu.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Dzimudzangara.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitanhatu Bhuku romudzidzi peji 106-112.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane zvinokonzera njodzi mumugwagwa. Mumapoka vadzidzi ngavakurukure zvingaitwa kudzivirira njodzi mumugwagwa.

Hurukuro

Mhinduro yemibvunzo iri mubhuku revana ndeiyi:

- motokari, rori, madutavanhu, michovha, magonyeti, mabhasikoro, zvimudhudhudhu nezvimwe.
- kudhakwa, kusatevedzera mitemo yemumigwagwa, kutyaira vasina marezinesi uye kumanyisa.
- kuipa kwemugwagwa, kuipa kwechifambiso, mamiriro ekunze sekuti dutumupengo.
- Kuchengeta mitemo yemumugwagwa, kutyaira une rezinesi, kutyaira usina kudhakwa, kugadzira migwagwa, kusapikisana nemamirire ekunze.

Mazwi muushoma

Mazwi ari mubhuku anogona kuiswa muushoma seizvi:

a	hwahwa	e	inzwi
b	chipo	f	munhu
c	pwere	g	bvupa/pfupa
d	mudzimai	h	garwe

B. Nzwisiso

Vadzidzi ngavaverenge manzwi ari pazvitai-tai. Mumapoka vadzidzi ngavaverenge ndima yenzwisiso. Ngavatsvake nyanzvi yekuverenga yevhiki iyoyo.

Mhinduro dzenzwisiso iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Tsaona yakaitika manheru.
- 2 Parwizi Pokoteke ndipo pakaitika tsaona.
- 3 Pokoteke ndirwo rwizi rwataurwa mundima.
- 4 Vakadyiwa nemakarwe.
- 5 Mapfupa zvinoreva mabhonzu.
- 6 Zvinoreva kuti kupotsa kufa.
- 7 Kufa ndiko kuenda kwamupfiganebwe.
- 8 Ndinofunga kuti tsaona iyi yakakonzwerwa nekudhakwa.
- 9 Vanhu vanofanira kumirira kuti rwizi ruserere vozoyambuka.
- 10 Vanhu vanofanira kumuudza kuti asamanyisa dutavanhu.

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataure tsaona yakaitika paPokoteke. Mumapoka vana ngavataure pfungwa dzavo vozodzibanidza kuumba zvirevo zvepfupiso. Pfungwa dzinogona kubuda ndeidzi:

- Mutyairi ainge akadhakwa.
- Aimhanyisa dutavanhu.
- Varume vainge vakadhakwa.
- Kudeedzera.
- Rwizi rwainge rwakazara.
- Dutavanhu rakapinda murwizi.
- Vanhu vakayeredzwa nerwizi.
- Vakadyiwa nemakarwe.
- Vanhu vakafa.

D. Madimikira ane dudziro yakapiwa

Vana ngavape dudziro vozopa dimikira rine dudziro iyoyo. Mumapoka vana ngavaite basa riri pakadhi.

Mhinduro dzezviri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Kuva nechioke chegudo.
- 2 Kumera zenze.
- 3 Kutungana kwembudzi.
- 4 Kuita mawiramombe.
- 5 Kufambira dhongi rakaora.
- 6 Kudya marasha.
- 7 Kufamba rwako wega.
- 8 Kupura nyemba nemusana.
- 9 Kurimirana kumuganhu.
- 10 Kuzvisikira moto muziso.

E. Zita rinobatanidza mazwi ese akapiwa

Vadzidzi ngavadome zita rimwe pabasa riri pabhambiri. Mumapoka vana ngavataure zita rimwe rinobatanidza mazwi ose.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 zvirimwa
- 2 mazuva
- 3 midziyo
- 4 mitupo
- 5 makomo

- 6 mhuka dzepamusha
- 7 nzizi
- 8 nhengo dzemuviri
- 9 zvifambiso
- 10 mwedzi yegore

F. Rondedzero yemhan'aro

Nyora mhan'aro kumukuru wemapurisa uchimutsanangurira tsaona yawakaona.

Kana tichinyora mhan'aro tinonyora seizvi:

Zuva:

Munyori:

Kuna: mukuru wemapurisa

Chinangwa: mhan'aro yetsaona yandakaona

Mudzidzisi ngaayeuchidze vana kuti:

Kana vakanyora misoro iri pamusoro nemavara madiki vanotara. Kana vakanyora nemavara makuru havatari.

Vana ngavashandise pfungwa dziri mubhuku revadzidzi kunyora mhan'aro mumapoka. Mumwe nemumwe ngaanyore mhan'aro iyi mubhuku rake.

Sanganisa pfungwa dzinotevera ugowedzera dzakowo.

- Waive musi wechingani?
- Chii chakaitika?
- Vanhu vangani vakafa?
- Vanhu vangani vakakuvara?
- Tsaona yakakonzera nei?
- Rubatsiro runodiwa.

G. Kuverenga girafu

Mudzidzisi ngaatsanangurire vana maverengerwo egirafu. Mumapoka vadzidzi ngavapindure mibvunzo inoenderana negirafu.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|----------------------|----|-----------------------|
| 1 | masaga makumi mana | 6 | Masaga gumi |
| 2 | Ndira | 7 | Makumi matatu |
| 3 | Kurume | 8 | Masaga makumi manomwe |
| 4 | Masaga makumi maviri | 9 | Masaga makumi mashanu |
| 5 | Kubvumbi | 10 | Masaga makumi mashanu |

H. Wedzera ruzivo

- 1 kuveza
- 2 kudyara
- 3 kutamba
- 4 kusima
- 5 kuumba
- 6 kuimba
- 7 kumhanyira
- 8 kuchera
- 9 kuruka
- 10 kubata

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kududzira zvirahe.
- f** kushandisa nyora muzvirevo.
- g** kunyora tsamba kushamwari.
- h** kuzadzisa zvirevo nemazita ehama.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine manzwi.
- Bhambiri rine zvirahe.
- Bhambiri rine zvirevo zvenyora.
- Bhambiri rine tsamba.
- Bhaibheri.
- Bhambiri rine zveukama.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Nharembosha.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitanhatu Bhuku romudzidzi peji 113-118.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure zvinoitwa pachitendero chechiKirisitu. Mumapoka avo vadzidzi ngavaimbe nziyo dzechKirisitu.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- nevarungu kana nevachena.
- Bhaibheri nebhuku renziyo.
- Bhaibheri.
- Roma, Hwisiri, Positori, Madzibaba, ZAOGA, Zion, Zviratidzo nedzimwe.

Mazwi muuwandu

Mhinduro dzemazwi ari mubhuku revana ndeidzi:

- | | | | |
|---|---------|---|----------|
| a | ngoma | e | mubhuku |
| b | mhururu | f | zvivakwa |
| c | miviri | g | mazuva |
| d | nyika | | |

B. Nzwisiso

Chitendero chechiKirisitu

Vana ngavaverenge ndima iyi. Ngavaite makwikwi ekuverenga mumapoka vozotsvaka shasha yekuverenga yevhiki iyoyo.

Mhinduro dzemibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Varungu kana vachena
- 2 Jesu
- 3 chechi
- 4 kurumbidza Mwari
- 5 muBhaibheri
- 6 Vafundisi kana VaPirisita
- 7 Kisimisi
- 8 Kufa nekumuka kwaJesu.

9 Akafira zvivi zvevanhu pachipiyaniso.

10 Chekupira vadzimu.

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavatsanangure zvinoitwa pachitendero chechiKirisitu. Ngavanyore pfungwa dzavo vari mumapoka. Vadzidzi ngavabatanidze pfungwa idzi kuumba pfupiso.

Pfungwa dzinogona kubuda ndeizi:

- varungu ndivo vakauya nechiKirisitu.
- vanotendera kuna Jesu.
- Jesu akafira zvivi zvevanhu pamuchinjikwa.
- vane mazuva makuru anokosha.
- vanoshandisa Bhaibheri.
- vane makereke.
- vanoimba nziyo.
- vanoparidza shoko raMwari.
- vanobhabhatidzwa.

D. Kududzira zvirahe

Vadzidzi ngavaite mapoka maviri voita zvirahe nekuzvidudzira. Mudzidzisi ngaape zvibodzwa kuboka rinenge ragona kududzira zvirahe. Boka rinenge rakurira rimwe ndiro rinenge ratora mukombe.

Mhinduro dzezvirahe zviri mubhuku revadzidzi ndeizi:

- | | |
|-------------|-------------------|
| 1 jongwe | 6 gotsi |
| 2 ngoma | 7 rinda kana guva |
| 3 mhiripiri | 8 mhino |
| 4 sadza | 9 shizha |
| 5 minzwa | 10 njanji |

E. Kushandisa nyora (“ ”)

Vadzidzi ngavataurirane panoshanda nyora. Ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nenyora pakakodzera. Mumapoka vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine nyora.

Maisirwo enyora pazvirevo zviri mubhuku revadzidzi ndeizvi:

- 1 Garikai akati, “Vanhu vose vari pano vanondivenga.”
- 2 “Vanokuvengerei?” Vakabvunza ambuya.

- 3 “Yowe-e kani! Unondirovereiko?” Akachema Rudo.
- 4 “Ndinokurovera misikanzwa yako.” Akadaro Kudakwashe.
- 5 “Mugore tine mwaka mingani?” Vakabvunza mudzidzisi.
- 6 Vongai akapindura achiti, “Mugore tine mwaka mina.”
- 7 Sekuru vakati, “Muchindiona ndakadai handivati hope negumbo rangu iri.”
- 8 “Ko gumbo iri rakaitwa sei?” Vakabvunza vatete.
- 9 “Iwe handikunzwisisi,” vakadaro sekuru, “ukada kufara, ukada kutsamwa haunzwisisiki.”
- 10 “Ndaifunga kuti ndichamuona,” vakadaro ambuya, “ndigomuudza zviri mumoyo mangu.”

F. Kunyora tsamba

Vadzidzi ngavakurukure manyorerwo etsamba kushamwari. Mumapoka vadzidzi ngavataure pfungwa dzetsamba iyi. Ngavanyore tsamba iyi mumabhuku avo. Mudzidzisi ngaayeuchidze vana kuti vatevedzere uwandu hwemanzwi anodiwa.

G. Mazita ehama

Vana ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nemazita ehama. Mumapoka vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine ukama.

Basa riri mubhuku revadzidzi rinozadziswa seizvi:

- | | |
|--------------|-------------|
| 1 babamukuru | 6 tsano |
| 2 muzukuru | 7 ambuya |
| 3 mukuwasha | 8 muramu |
| 4 muroora | 9 ambuya |
| 5 mainini | 10 muzukuru |

H. Basa rekuita kumba

Mazadzisirwo ezvirevo zviri mubhuku revadzidzi ndeaya:

- | | |
|----------|-------------|
| 1 gambe | 6 chirongo |
| 2 shupa | 7 vahosi |
| 3 chongo | 8 chiro |
| 4 nhanga | 9 nyamukuta |
| 5 mhizha | 10 mbonga |

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga tsamba vachidana manzwi nemazvo.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kuzadzisa zvirevo nenyaudzosingwi dzine dzokororo.
- f** kuisa manzwi muushoma.
- g** kunyora mhan'aro.
- h** kunyora mitambo yekare neyanhasi.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine manzwi.
- Bhambiri rine nyaudzosingwi.
- Bhambiri rine manzwi muushoma.
- Bhambiri rine mitambo yekare neyanhasi.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Mifananidzo yemitambo yanhasi.
- Nharembosha.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitanhatu Bhuku romudzidzi peji 120-124.
- Bumiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure hope dzinofadza nehope dzinotyisa dzavakamborota.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Kurota uchipiwa mari, uchiwana mubairo, uchirumbidzwa, uchibudirira pane zvimwe zviitwa.
- Kurota uchibhururuka, uchibira rwizi, uchikwira ndege.
- Kurota uchidzingirirwa uchida kudyiwa nezvikara, uchida kurohwa, uchida kurumwa nenyoka nedzimwe.
- Vanhu vose vanorota hope.

Mazwi anoreva zvakafanana

Mhinduro yemazwi ari mubhuku revadzidzi ndeaya:

- | | | | |
|----------|-------------------|----------|--------------------------|
| a | kukutsanangurirai | e | ndakabvunda |
| b | sahwira | f | padhuze |
| c | mudondo | g | ndakavanga/rumba/kwakuka |
| d | hacha | h | dikita |

B. Nzwisiso

Hope

Vadzidzi ngavaverenge tsamba iyi vachiita majana. Mumapoka vadzidzi ngavaverenge vosarudza shasha yekuverenga. Shasha ngadzikwikwidzane poonekwa nyanzvi yevhiki iroro.

Kupindura mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi:

- 1 NdiSheunesu akarota hope.
- 2 Akarota mwedzi wakapera.
- 3 Takunda ndiye shamwari yake.
- 4 Zirume raive musango.
- 5 Akaona shumba mberi kwake.
- 6 Mukoma wake Zivai ndiye akamuzunungusa.
- 7 Sekuru ndivo vakanyorerwa tsamba iyi.
- 8 Ziya rakanyorovesa machira.
- 9 Kumhanya chaizvo.
- 10 Zvinoreva kutiza.

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavakurukurirane hope dzakarotwa naSheunesu. Mumapoka avo vadzidzi ngavadome pfungwa dzepfupiso iyi. Pfungwa idzi ngadziumbe zvirevo zvepfupiso.

Pfungwa dzinogona kubuda ndeidzi:

- Vakaenda musango.
- Pakauya zirume.
- Zirume rakabvunza zvavaitsvaka.
- Vakati vaininge vachingofamba.
- Zirume rakavadingirira.
- Takunda akabatwa ndokuregedzwa.
- Mberi kwaive neshumba shure kune zirume.

Mudzidzisi ngaayeuchidze vana zvisingadiwi mupfupiso uye kutevedzera manzwi ataurwa.

D. Nyaudzosingwi dzine dzokororo

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nenyaudzosingwi dzakakodzera. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine nyaudzosingwi dzine dzokororo.

Kushandisa nyaudzosingwi dziri mubhuku revadzidzi.

- 1 Bvudzi rake rakati nyau nyau paakaona shumba.
- 2 Akafamba bhande rakati rembe rembe.
- 3 Akati ze-e ze-e ndokuwira pasi.
- 4 Maziso ake akati pidigu pidigu achibva asiya nyemba.
- 5 Amai vakanyorova kuti dhabha dhabha nemvura.
- 6 Misodzi yake yakati mokoto mokoto nematama.
- 7 Akawanikwa akati rezu rezu apo ainge azvisungirira.
- 8 Kwaitonhora Rudo akati gude gude machira mumusoro.
- 9 Mbudzi yakatemwa nedombo ikawira pasi ndokuti pfau pfau.
- 10 Akabatwa achimunyeya akati boi boi maziso.

E. Kuisa mazwi muushoma

Vadzidzi ngavaise mazwi ari pabhambiri muushoma. Mumapoka vadzidzi ngavatsvake mazwi vomaisa muushoma.

Mhinduro dzemanzwi muushoma ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|---------|----|---------|
| 1 | muchero | 6 | rukusha |
| 2 | chuma | 7 | choto |
| 3 | rwizi | 8 | gomba |
| 4 | chibage | 9 | hove |
| 5 | rwaivhi | 10 | rwiyo |

F. Mitambo yekare neyanhasi

Vadzidzi ngavadome mitambo yekare neyanhasi mumapoka avo.

Mhinduro dzemitambo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

Mitambo yekare

Sarura wako
Chidhangadhanga
Zai rakaora
Chamuvandwa-muvandwa
Hero sadza mukupe

Mitambo yanhasi

Tenisi
Hoki
Kiriketi
Ragibhi
Chesi

G. Basa rekuita kumba

Mazwi anopikisana

Mhinduro dzemanzwi ari mubhuku revana ndeidzi:

- 1 hadzi
- 2 akatsinzina
- 3 chembere
- 4 mabvazuva
- 5 ndinofarira
- 6 akasira kana achimbidzika
- 7 kutapira
- 8 nhete
- 9 vapfupi
- 10 hobvu

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kuzadzisa tsumo.
- f** kuzadzisa zvirevo nezvipauro.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kuzadzisa zvirevo zvine midziyo yechinyakare.

Zvimbo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine manzwi.
- Bhambiri rine tsumo.
- Bhambiri rine zvipauro.
- Bhambiri rine midziyo yekare.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Dzimudzangara – nziyo dzhondo.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitanhatu Bhuku romudzidzi peji 125-131.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavakurukure zvikonzero zvakaita kuti hondo yechimurenga chechipiri irwiwe. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure zvavakambonzwa nezvehondo iyi.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revana ndeidzi:

- Kune dzimwe nyika seZambia, Mozambique, Romania, Yugoslavia, China, Tanzania nedzimwe.
- Nedzimwe nyika.
- Vaitumwa nemashoko kuPovho.
- Vaisvitsa mashoko kuvarwi verusununguko.
- Vaivapa nhumbi, chikafu, mishonga nezvimwe.

Mazwi muushoma

Mazwi ari mubhuku revadzidzi kana aiswa muushoma ndeaya:

a	gomo	e	pfumo
b	garwe	f	mutema
c	rwizi	g	gamba
d	rukova	h	sango

B. Nzwisiso

Magamba eZimbabwe

Vana ngavaverenge detembo iri vachiita majana. Ngavatsvake nyanzvi yekuverenga yevhiki iyoyo.

Kupindura mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi

- 1 basa rekurwira nyika.
- 2 kudyiwa nemakarwe / kudyiwa neshumba.
- 3 garwe.
- 4 rekutumwa nevarwi verusununguko nePovho.
- 5 vairwira nyika yavo yainge yapambwa nevarungu.
- 6 zvinoreva pfuti.
- 7 zvinoreva kuti kukundikana.
- 8 kutenda cherima kutenda wauya nacho.
- 9 akarwira nyika ino kuti iwane rusununguko.
- 10 povho yaipa magamba chikafu, nhumbi nemishonga.

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo epfupiso. Mumapoka vadzidzi ngavataurirane pfungwa dzepfupiso iyi. Ngavabatanidze pfungwa idzi kuumba pfupiso.

Pfungwa dzepfupiso ndeidzi:

- Magamba aizvipira.
- Vaigara mumasango nemumakomo.
- Vamwe vakadyiwa nezvikara.
- Vamwe vakafa vachirwa.
- Vamwe vakaremara.
- Vakakurira varungu.

Mudzidzisi ngaayeuchidze vana zvinodiwa nezvisingadiwe mupfupiso.

D. Kuzadzisa tsumo

Vana ngavataure tsumo vachidzizadzisa. Ngavazadzise tsumo dziri pabhambiri.

Mazadzisirwo etsumo dziri mubhuku revadzidzi ndeaya:

- 1 Kana wadya imbwa idya riri gono.
- 2 Chenga ose manhanga hapana risina mhodzi.
- 3 Chinokura chinokotama musoro wegudo chave chinokoro.
- 4 Kwadzinorohwa matumbu ndiko kwadzinomhanyira.
- 5 Takabva neko kumhunga hakuna ipwa.
- 6 Kamoto kamberevere kanopisa matanda mberi.
- 7 Akanga nyimo avangarara.
- 8 Zano pangwa uine rakowo.
- 9 Ngwena haidyi chebamba chayoz chinoza neronga.
- 10 Mudzimu wakupa chironda wati nhunzi dzikudye.

E. Kuzadzisa zvirevo nezvipauro

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nezvipauro. Mumapoka avo vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pamakadhi.

Mhinduro dzezvirevo zviri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|-----------|----|--------------|
| 1 | gumi | 6 | rurefu |
| 2 | chena | 7 | guru |
| 3 | matsvuku | 8 | diki |
| 4 | huru | 9 | rakajeka |
| 5 | yakachena | 10 | hwakamotseka |

F. Rondedzero

Kukurukura hunge wapotswa

Vadzidzi ngavakurukure zvinoreva tsumo iyi. Ngavape pfungwa dzerondedzero iyi. Ngavanyore rondedzero iyi mumabhuku avo.

G. Midziyo yechinyakare

Vadzidzi ngavadome midziyo yechinyakare. Mumapoka avo ngavakurukure mashandisirwo aitiwa midziyo iyi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

Mudziyo	Basa rawo	Mudziyo	Basa rawo
1	Chinu	6	Denhe
2	Hamiro	7	Hadyana
3	Shambakodzi	8	Musika
4	Guchu	9	Chirongo
5	Gango	10	Gate
	kuisa mafuta ekuzora		kuisira upfu
	kukamira mukaka		kubikira sadza
	kubikira sadza		kusika sadza
	kuisa munyu		kucherera mvura
	kukangira zvekudya		kuisa doro

H. Wedzera ruzivo

- | | | | |
|---|-----------|----|------------|
| 1 | kukuridza | 6 | rira/chema |
| 2 | hukura | 7 | bararadza |
| 3 | chema | 8 | chema |
| 4 | kuma | 9 | seka |
| 5 | chema | 10 | chema |

Bepa rekutanga

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|------|------|------|------|
| 1 B | 11 C | 21 A | 31 B |
| 2 A | 12 B | 22 C | 32 B |
| 3 D | 13 D | 23 C | 33 B |
| 4 D | 14 D | 24 D | 34 D |
| 5 D | 15 B | 25 B | 35 A |
| 6 B | 16 C | 26 B | 36 C |
| 7 B | 17 B | 27 A | 37 B |
| 8 C | 18 B | 28 D | 38 D |
| 9 B | 19 A | 29 B | 39 D |
| 10 C | 20 C | 30 C | 40 D |

Bepa rechipiri

Chikamu chekutanga: Rondedzero

Vana ngavasarudze musoro mumwe chete pane misoro iyi.

- 1 Nyora rungano runopera ruchiti, “Handichatambi naye zvekare.”
- 2 Nyora hurukuro pakati paambuya nemuzukuru vachitaurirana kukosha kwekuzvibata.
- 3 Nyora tsamba kunhengo yeparamende mudunhu menyu uchitsvaka rubatsiro rwechikoro chenyu icho chakatorwa marata nedutu remhepo nemvura zhinji.
- 4 Nyora mhan’aro kumukuru wechikoro uchimuudza misikanzwa iri kuitwa nevamwe vana vechikoro pachikoro penyu.
- 5 Nyora rondedzero ine musoro unoti, “Ndambakuudza akaonekwa nembonje pahuma.”

Chikamu chechipiri: Nzwisiso

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revana ndeidzi:

- 1 Kutora chinzvimbo chemushakabvu.
- 2 Muzukuru kana munin'ina wevashakabvu.
- 3 Nherera dzaiwana baba.
- 4 Muzukuru kana vatete vemufi.
- 5 Kuchengeta mukadzi pamwe chete nevana.

Pfupiso

Zvaitwa panhaka:

- Nhaka yaipiwa kumuzukuru.
- Munin'ina wemufi aichengeta mukadzi nevana vemufi.
- Mukadzi aigona kuita vana nemurume wenhaka.
- Mbatya dzaigoverwa hama dzose.

(Mazwi makumi matatu nemashanu)

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso vachitevedza zvimiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kunyora tsumo dzinoenderana netunyaya.
- f** kutsanangura zvinoreva mazita.
- g** kunyora tsamba kuhama.
- h** kunyora mitupo nezvidau.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine manzwi.
- Bhambiri rine tsumo.
- Bhambiri rine mazita.
- Bhambiri rine tsamba.
- Bhambiri rine mitupo nezvidau.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Bhambiri rine zvimiso.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitanhatu Bhuku romudzidzi peji 138-144.
- Bumiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane zvakaipira nhunzi. Mumapoka vadzidzi ngavataurirane zvavangaite kuti vadzivirire nhunzi.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Nhunzi dzinodya chikafu chinodyiwa nevanhu uye tsvina.
- Dzinorutsira tsvina muchikafu chinodyiwa nevanhu.
- Dzinoisa tsvina iri pamanhenga nepamakumbo adzo muchikafu chevanhu.
- Dzinoparadzira manyoka, korera nechirwere chemaziso.
- Ngativei neutsanana, ngativhare chikafu chisamharwa nenhunzi uye pamusha ngapave nechimbuzi.

Mazwi muushoma

Mhinduro dzemazwi ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|-------|---|---------|
| a | danga | e | bori |
| b | mbava | f | mudziyo |
| c | gumbo | g | basa |
| d | ranga | h | ziso |

B. Nzwisiso

Nhunzi

Vana ngavataurirane zvimiso nemabasa azvo. Mumapoka vana ngavaverenge ndima vachiita majana. Ngavasarudze shasha yekuverenga iyo inozokwikwidzana nevamwe potsvakwa nyanzvi yekuverenga yevhiki iyoyo.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|--------------------------|---|------------------------------------|
| 1 | nhunzi | 5 | kufunhira kana kuvhara |
| 2 | tsvina | 6 | kusaita uchapa kana kusaita ufende |
| 3 | mambava nemakumbo | 7 | ushamwari kana kuwirirana |
| 4 | mudumbu, korera nemaziso | 8 | uchapa |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataurirane huipei hwenhunzi. Mumapoka ngavanyore pfungwa dzepfupiso. Ngavabatanidze pfungwa idzi kuumba pfupiso.

Pfungwa dzinogona kuumbwa ndeidzi:

- nhunzi inofarira tsvina.
- dzinotora tsvina neutachiona.
- dzinozonzira tsvina netachiona pachikafu chakashama.
- dzinorutsira tsvina muchikafu.
